Nya ti lebah dinya maranehanana ariangna mun deuk ngarah rajakaya nu lian ka luareun wewengkon karajaanana teh. Nu baladarat tarumpak kuda nu di cai kana parahu. Bubuhan diatur ku pupuhuna, atuh teu wudu dina seuhseuhanana teh mani badis wae nu deuk nempuh jurit.

Rampaseun rampogeun di palabuan darat geus ledis sama sakali da apan beuki.dieu beuki sepi tea, da nu geus balubuara tadina baralik deui ka saasal tadi, ari nu barunjaga atawa mangkalan ti mancanagara teu daratang. Dina kituna mah bongan maranehanana keneh. Sakitu geus ngadegkeun karajaan nu mun bener ngaturna mah tanwande bisa hirup mandiri bari teu kudu nyisikudi banda nu lian teh, bet angger wae ngagedekeun babadog rarampogna.

Ku sabab araheun di palabuan darat geus euweuh, ari kana kabiasaan keukeuh teu bisa nunda, atuh taya deui jalan pikeun nagara anyar teh iwal ti kudu ngajorag nagara-nagara tatangga nu kawilang lubak-libuk rea lebokeun. Anu beh kutana beh dunyana. Ari nagara-nagara tatangga alam harita, apan ceuk di luhur tadi, mungguh di wewengkon Kulon tanah Sunda teh estu pohara pasolengkrahna. Teu weleh barebedan antara nu hiji jeung lianna. Jadi pantes wae masing deuk babari dikerekebna kunu gawena babadog rarampogna oge. Angot mun nu ngararampog teh daratangna nepi ka ngarebu jeung diatur sakumaha mistina saperti ilaharna nu deuk nempuh jurit alam harita.

Prabu Jaya Malela nu jadi cikal-bakalna nagara Kutamaya, aya maksud pikeun rempug jukung sauyunan dina ngeuyeuk dayeuh ngolah nagara di satanah Sunda beulah Kulon, tapi eta rancangan teh kakara dek diwujudkeun dina jaman Prabu Gangga Malela. Ngan teu kaburu da ditarajang manten ku karajaan bajag Silalawi jaman diratuan ku Prabu Ragapati, seuweuna Prabu Anggapati.

Sabada Kutamaya ditempuh nepi ka kadesehna teh, Prabu Ragapati sawadiabala teu ieuh kersaeun deui undur ti dinya, tapi tetep tumetep teu arincah balilahan deui. Karajaan Kutamaya tetep ngadegna, ngan sejen nu ngaratuanana. Nagara anu tadina diaping dijaring ku para narpati nu adil wijaksana, ka-

dieunakeun mah bet diheuyeuk ku sagolongan manusa anu darolim, anu baroga lampah sakawenang-wenang. Euweuh asih ka nu leutik, taya nyaah ka balarea. Jeung euweuh hartina deuih dalah rahayat bangkareak nu laleutik tingjarerit oge.

Lamun di mangsa-mangsa katukang papancen ponggawa nagara teh pikeun nalingakeun balarea nurutkeun aturan karajaan jeung dawuh ratu, sanggeus diratuan ku terah Silalawi mah para ponggawa teh meh taya deui gawe iwal ti ngarah ngarinah ti balarea. Ngakaya nandasa manusa teh geus jadi kalangenan. Euweuh basa watir jeung karunya lamun maranehanana mahala pangeusi nagri teh. Meureun eta pedah tadina ge maranehanana memang jalma-jalma nu teu baroga rasrasan tea. Adat ti heula terus pageuh maneuh, na diri saban ponggawa nagara ti mimiti pangkat Panewu nepi ka para tamtamana pisan. Malah mah ti panglimana pisan kitu. Panglima wadiabala nu sasat jadi pupuhuna di sagigireun ratu.

Lamun jaman diratuan ku Wangsa Malela ti alam Jaya Malelana nepi ka Prabu Gangga Malelana pisan, kaayaan Kutamaya estu ayem tengtrem tiis dingin paripurna, nagara kerta raharja rea ketan rea keton, sabalikna pisan kaayaanana teh tibarang diratuan ku terah Silalawi mah. Da nagara jadi recol teu kaurus teu katalingakeun ku nu ngeuyeuk dayeuh ngolah nagara. Di ditu di dieu durder huru-hara alatan nu ngabarangkang ka raja da teu sarugema dikawasa ku manusa-manusa dolim, tarelenges barengal taya rasrasan. Dina kituna, ari dikawasa ku nu darolim mah tong boro ku deungeun-deungeun atuh, dalah ku tunggal sakocoran katurunan pisan oge tangtu hamo aya kalulusanana.

Nagara Kutamaya nu tadina jadi panyeundeuhan semah nu ti mana ti mendi teh, ti barang dikawasa ku ratu anyar mah geus teu kaimpungan deui. Nu tadina rame da gegek ku cacah jiwa jadi tiiseun. Ari pribumi, anu karereanana ngandelkeun kahirupan tina hasil pakaya, nu tadina sugih mukti teh bet jadi lara masakat da beubeunanganana paeh poso dug hulu pet nyawa rea teuing dikunjalna ku para santana nagara. Rea teuing pajeg cukena anu tungtungna mah nu daragang beunghar ku hutang,

nu tarani sugih ku daki. Kadangkala teu ieuh baroga bekel piajangeun miara pakaya.

Hiji-hijieun anu barisa usaha sejen jaba ti tani, maksakeun maneh arindit nilar lemah cai ngadon bubuara di pangumbaraan. Da cenah naon cicing di bali geusan ngajadi oge ari ngadon awak ruksak banda beak mah. Keur naon ari ukur bubuh ripuh suhud ngurusanan pakaya ari beuti buahna dikunjalan ku nu lian.

Memang leuheung oge anu barisa usaha sejen mah, nu baroga erongan pikeun nyiar kipayah di nagara batur, tapi narajang anu enggoning hirupna ngan ukur ngandelkeun tina hasil bumi, anu saendengna jadi bulu taneuh, bage bagja bage cilaka oge nya kapaksa tetep tumetep di tanah karuhunna. Bari pasrah tumamprak kana kulak çanggeum bagja awak, dalah dikakaya jeung ditandasa ku nu baroga wewenang di nagara.

Ari Prabu Ragapati, ratu semah tea, saenyana mah geus ti jaman keur linggih di pakuan Silalawi pisan teu weleh usaha pikeun nartibkeun sagala urusan nagara. Mani teu sirikna saban usik nalingakeun kumaha ketakna para ponggawa nagara oge, tuda dalah enya ge tadina kocoran ratu bajag, tapi dina mangsa keur anomna teh anjeunna remen sumaba ka nagara-nagara sejen. Mangsa nu ngalantarankeun Sang Prabu ngarti kana tatacara karajaan. Yen ratu teh nyaeta anu ngasta kaadilan di buana Pancatengah di wewengkon nagara anu diparentahna. Ratu teh ibarat damar nu nyaangan nagara, nu jadi tuladan pikeun sakumna pangeusi nagri, anu sagala ucapanana kudu digarugu jeung ditariru ku somahan katut para ponggawa mantrina.

Basa anjeunna nembean nyakrawati bahudenda, luang-luang beunang mendak teh kungsi diwurukkeun ka para santana nagara. Malah sangkan nagara beres roes teh, anjeunna ngayakeun aturan anu pohara kerasna. Aturan nu mun dirarempak dalah ku saha wae oge, pasti nu ngarempak teh ditibanan hukuman anu pohara beuratna. Tapi sagala tarekah Sang Prabu teh kabeh ge peunggas di satengahing jalan. Kabeh ge taya nu dilaksanakeun. Babakuna mah dumeh nu ngajaralankeunana teu ieuh tarumut ka dawuh ratu teu saratia kana timbalan raja. Ari nu matak

kajadian kitu, nyaeta lantaran di lingkungan kadaton teh aya kakuatan sejen nu sasat jadi saingan beurat pikeun wawasan ratu. Kakuatan anu diluluguan ku Hulubalang perang sarta pohara di rojongna ku Rajapadmi. Tah, Rajapadmi saenyana mah anu ngasta wewenang karajaan terah Silalawi ti jaman keur di nagara palabuan darat jeung kadieunakeun sanggeus ngalindih nagara Kutamaya.

Malah ceuk nu nyararita, nya lantaran hojah Rajapadmi katut Hulubalang tea nu matak karajaan karaman Silalawi nepi ka ngagempur jeung ngalindihna karajaan Kutamaya anu tadina sakitu reugreug pageuh teh.

Raja teu bisa kumaha iwal ti tumut ka kersa pawarang.

II.

NALIKA KEUR DI SILALAWI KENEH MAH, Sang Prabu teh teu dua teu tilu geureuhana. Mung Padmawati wae nyalira. Ari Padmawati teh jenenganana Dewi Kaliwati. Tapi barang tos aya di Kutamaya, Sang Prabu kagungan deui saurang, nyaeta Nyai Manik Mayangsari, terah Karaton Kutamaya nu kaboyong basa wadiabala Silalawi ngambreg ka lebeting puri. Malah mah Nyai Manik Mayangsari teh masih keneh tunggal kapi putra Prabu Gangga Malela. Hiji-hijina pangeusi puri nu masih keneh aya dikieuna basa karaton ditarajang.

Dina babak munggaran mah Dewi Kaliwati teu ieuh geuneuk maleukmeuk carogena kagungan parekan teh, malah kawas nu bingah lain dikieuna. Ka hulubalang mah anjeunna nyarios, yen ratu teh mending ge geureuhaan deui, ambeh kabebenjokeun tina sagala urusan nagara, ti batan pipilueun teuing anu temahna matak bengkah sagala rancangan kanagaraan nu dicarepeng ku anjeunna katut hulubalang. Tapi kadieunakeun, sanggeus parekan ngagelarkeun putra istri anu pohara geulisna tur pohara diasihna ku ratu, Pawarang teh jadi rada robah pamadegan katut sikepna boh ka ratu boh ka parekan. Babakuna mah reh ratu beuki totomplokan wae migeugeut mideudeuhna ka Nyai Manik Mayangsari.

Ari ti anjeunna, Sang Prabu teh kagungan putra, istri duanana oge deuih. Anu cikal jenenganana teh Nyai Ayu Sekar Tongkeng, ari nu kadua Nyai Ayu Sekar Tanjung.

Najan eta dua putri teh gareulis kawanti-wanti, endah kabina-bina, angot nu kadua mah, tapi teu mapakan ari ka putri bungsu ti parekan mah, Putri bungsu anu ku sakumna pangeusi nagri geus dipikareueus tibarang gumelar ka dunya.

Dina mangsa keur bayina oge, Sekarwangi teh sok digarunemkeun ku balarea, yen cenah dina hiji mangsa mah Kutama-

ya teh bakal diratuan deui ku ti kocoran raja baheula.
Bakal diaping ku narpati wedalan Kutamayana anu tangtu bakal nyaah bakal asih ka rahayat. Lamun kitu ge, lamun sangkaan balarea meneran yen Prabu Ragapati bakal ngagadangkeun putri bungsu kana piratueun nagara Kutamaya dina mangsana Nyi putri geus sawawa jeung cumarita.

Meureun mimitina mah nu aya jorojoy sangkan Nyi Bungsu dijungjung lungguh jadi ratu anom teh ngan saurang dua urang wae. Kawasna mah jolna teh ti golongan santana nu dina danget harita masih keneh rumingkang di puseur dayeuh. Tapi beuki dieu beuki cuw-cew nu nyararita, yen enya cenah, nagara Kutamaya teh bakal pulih deui kaayaanana ka sabaheula bihari lamun diratuan ku bibit buit Kutamayana pisan. Ari harita, apan geus aya seuweu ratu ti parekan. Nyaeta putri bungsu nu bisa diarepkeun bakal kapilih jadi nu ngeuyeuk dayeuh ngolah nagara. Tapi kitu oge upama nu jadi ratu wijaksana, ... lamun anjeunna kagungan emutan pikeun nengtremkeun deui nagara tina bancang pakewuh.

Memang aya onjoyna ti rakana anu dua Nyai Ayu Sekarwangi teh. Eta cenah, pedah basa keur dibabarkeunana dina keur usum ngijih ngecrek turta sapoe-sapoena langit reueuk hideung, tapi ari brol Nyi Bungsu dibabarkeun, kaayaan teh dak sakala robah. Hujan nu keur meujeuhna ngeyer taya kendatna ngadadak raat, sarta langit nu tadina angkeub cakeutreuk oge jadi caang narawangan. Bulan ngempray, sinarna moncorong siga nojo pisan ka karaton, bentang dak dumadak baranang. Tingcarelak-tingkaretip kawas nu milu suka milu bungah dumeh pangeusi buana tambah saurang.

Geseh lima taun yuswa Nyai Ayu Sekarwangi ti rakana anu panengah teh. Tapi pameunteuna meh sarimbag pisan. Bedana teh ari Nyi Tanjung rada mucuk saureuh jeung hideung santen, ari Sekarwangi rada buleud jeung kulitna koneng umiang semu-semu hejo carulang malah. Meureun di eta dua putri teh aya wangun raga campur, nyi Tanjung campur pamulu antara ratu jeung Rajapadmi, ari Sekarwangi bauran antara Sang Prabu jeung Nyai Manik Mayangsari. Ngan aya sasaruanana nu meh teu dipi-

ceun sasieur teh, boh Nyi Tanjung boh Nyi Wangi, bet aramis budi jeung geus tembong bakat someah akuanana ti wangkid keur bayina keneh.

Aneh mungguh di Nyi Tanjung, dan ibuna mah teu kitu panganggona. Sarerea nyaho, yen Padmawati mah dalah enya oge patut teu nganjuk rupa teu menta, tapi aya budi kuraweud haseum, sorot socana ceuk sawareh mah bet kawas nu ngandung seuneu amarah. Cahayaan tapi ebreh gambaran hate manusa bedang, murugul jeung barangasan. Najan geulis, tapi ambekna sakulit bawang. Meureun pangaruh urat nu ranteng ngarangkang dina tarang. Tapi teu kitu Nyi Tanjung mah, teu meueus meueus acan ti mimiti adat nepi ka budi basa teh ngalapna ti ibu. Anu tambleg pisan Padmawati mah, ti rupa nepi ka pangadatan nyaeta Nyai Ayu Sekar Tongkeng. Putri cikal nu jadi mongmongan ibu.

Beuki ngung-ngengna nu nyarita perkara Nyi Bungsu teh, teu burung dugi oge kana cepil ratu. Ari temahna, Sang Prabu bet asa dijujurung pikeun ngalaksanakeun implengan balarea, da malah anjeunna ge jadi aya emutan: ..... Kawas enya, saurna dina kalbu, ... Kutamaya teh bakal pulih kaayaanana lamun seug diratuan ku terahna. Kawas enya si Bungsu teh kudu dijunjung lungguh jadi ratu anom, jeung dina mangsana geus sawawa kudu manehna pisan nu ngaratuan ieu nagara teh. Sugan wae ari diheuyeuk ku ratu nu sasat masih keneh bibit buit Kutamayana mah, gugujrudan jeung huru-hara nu meh taya kendatna teh baris eureun ku maneh. Teu kudu ditumpes nepi ka akar-akarna saperti nu dijalankeun ayeuna-ayeuna nurutkeun saran meswara katut si hulubalang.

Lian ti eta, kagaliheun deuih, yen anjeunna teh ngan ukur dina sesebutanana wae jadina ratu teh. Najan enya taya jalma sejenna anu linggih dina singhasana oge, tapi dina seuhseuhanana mah, nu ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara teh nyaeta Pawarang nu dibantu ku hulubalang. Tah ti dinya sesekelanana nu matak kajadian baruntak kieu teh.

Implengan kituna teh dilaksanakeun pisan ku Sang Prabu. Sekarwangi enyaan dijungjung lungguhna jadi gadang-ratu Kuta-

maya. Nu dicadangkeun bakal ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara. Padahal basa dijungjung lungguhna teh, Sekarwangi nembe wetonan yuswa sataun. Tapi barang putusan ratu diembarkeun, teu wudu jadi ubyag sanagara. Kabeh mani teu sirikna alemprak salusurakan awahing ku bungah. Malah nu jarugala mah kuatkeun ka naladar karia rosa sagala rupa.

Sakumna pangeusi nagri garuligah pikir, timbul harepan, yen cenah geus mangsana Kutamaya teh beunang deui ku terahna. Geus wancina pulih ka sabihara-bihari. Nagara bakal ayem tentrem tiis dingin paripurna deui kawas keur jaman diratuan ku wangsa Malela. Padahal masih keneh tangeh dawuhna ti harita nepi ka mangsana Sekarwangi sawawa teh. Masih keneh kudu nyorang welasan taun deui. Kitu ge mun Nyi Wangi diparengkeun panjang yuswa. Mun teu digarunasika ku pihak sejen nu teu ngarasa sugema putri bungsu ditetepkeun jadi gadang ratu di Kutamaya.

Memang jeung enyana deuih urang Kutamaya teh, ti barang Sekarwangi jadi ratu anom mah, maranehanana pohara sarosonsosonna nekanan darma hirupna salaku abdi nagara anu tuhu satia ka raja. Riributan huru-hara nu dina samemehna mani teu sirikna kajadian unggal usik teh, ngadadak jadi cepeh. Paling sepi rampog towong. Rajapati nu sasarina remen pisan kaalaman ku para ponggawa nagara nu dibarongohan ku pribumi, geus teu ara kajadian deui. Tapi papadaning kitu oge sarerea tetep taraki-taki da puguh nu ngaremban papancen mah sangkilang pribumi geus talumamprak oge, keukeuh teu euih-euih wae. Malah ku reureuhna riributan teh maranehanana boga anggapan sejen da pajar teh cenah, lila-lila mah karaman Kutamaya teh teu barisaeun walakaya, geus teu aruntupeun deui ngayonan wadiabala nagara nu teu weleh tarekah pikeun numpes saha wae anu kumawani ngabangkang ka nagara.

Kitu anggapan jalma ti pihak wangsa Silalawi. Tapi tangtu wae sejen deui anggapan Pawarang jeung hulubalang katut para santana mah. Da arengeuheun yen cepehna nu bararuntak teh lantaran kahayangna katedunan ku ratu, pedah Sekarwangi nu sasat kakocoran ku getih Kutamaya laksana dijungjung lung-

guh jadi ratu anom.

Pawarang jeung hulubalang nu ti anggalna keneh geus aya prasangka tur geus narembongkeun semu teh, beuki angot ceuceub ka Nyai Manik Mayangsari. Da memang parekan nu jadi pucuk ti girangna oge, cenah, nu ngosol-ngosol Sang Prabu malar ngangkat putri bungsu jadi piratueun. Malah duanana araya sangka, parekan teh tangtu aya panuhunna bareto, yen meureun purun didahup asal Sang Prabu jangji baris ngajungjung lungguh putra ti parekan lamun kaparengkeun ngagelarkeun turunan.

Kitu sangkaan Pawarang jeung hulubalang teh. Ku kituna anjeunna teu tiasa ngantep parekan pikeun teterusan aleman bari murugul seueur pamundut ka ratu nu memang pantes masing dek digugu wae oge, da Sang Prabu teh estu totomplokan mikanyaah-mikaasihna ka geureuha anu anom. Atuh ka putri bungsu pon nya kitu keneh, nyaahna deudeuhna teh mani saperti ka putra nu mung hiji-hijina. Meh saban waktu anjeunna ngan ngagugulung Sekarwangi, mani siga nu lat wae ka putra nu dua deui mah, da katungkul teuing ku nganengne-nengne nu bungsu.

Peureus-peurihna pisan mah pawarang teh barang ratu ngembarkeun dijungjung-lungguhna nyi bungsu jadi ratu anom tea, da basa dina sidang ge, waktu anjeunna ngadangu dawuh ratu harita, mani nepi ka ngaleleper salirana awahing ku amarah. Malah upama teu kiat-kiat nahanna mah hoyong cangangang wae nyeuseul ka caroge katut parekan. Keun teuing, pokna dina kalbu, masing hareupeun para pangagung nagara oge. Cacakan harita basa kempelan di salamanggung taya hulubalang kapetenganana, moal boa geus jeger-jeger anjeunna teh ngawakwak ngedalkeun sagala katugenah manah. Tapi hulubalang nu memang calikna teu sabaraha anggang ti ratu jeung ti parekan, uningaeun kuma harenegna pawarang barang ngadangu putusan ratu, malah katingalieun rarayna nu beureum euceuy kawas beusi atah beuleum lantaran karerab ku heabna panas tina jeroeun dada. Geuwat wae ku anjeunna dikiceupan sangkan Pawarang leler sarta ulah nembongkeun teuing semu di hareupeun jalma rea...

"Padmawati tong ieuh alit manah reh si bungsu enyaan dijungjung-lungguhna jadi ratu anom Kutamaya", saur hulubalang dina hiji mangsa, waktu anjeunna ngahaja nepangan di tamansari.

Pawarang katut hulubalang teh memang sering pisan pajonghok paduduaan kitu, malum apan duanana oge teu weleh sarasiah jeung sapanemu satungtung ngeuyeuk dayeuh ngolah naga-

"Taya hartosna dalah si bungsu jadi ratu anom oge pikeun wangsa Silalawi mah, ngan beuti buahna pikeun nu mangku kaprabon memang teu kinten saena. ... Salira uninga, yen nagara bet dadak-dadakan jadi aman. Taya huru-hara tara aya riributan sapertos dina mangsa-mangsa katukang. Tah, ... na kaayaan kieu teh teu nguntungkeun ka urang?!"

Ari saur pawarang bari raray murukusunu:

"Langkara! .....sampean teh hiji pangagung nu pohara dipuja didama-damana ku pribadi Kaliwati teh. Nu pohara diandelkeunana. Sageuy teu karasa ku sampean, nepi ka lebah mana kaula namplokkeun kapercayaan teh. Sagala hal nu sakuduna dibadamikeun jeung salaki, ... geuning ku kami mah sok dibadamikeun jeung sampean wae, da kami terang ... ratu mah lain bawaeun carita urusan kieu. Kaula geus masrahkeun sagala-galana ka sampean... Tapi naha ari ayeuna bet siga biluk ka ratu, mihak ka parekan nu nyata-nyata hayangeun ngarebut kalungguhan kaula. Parekan nu saenyana mah boga tekad pikeun mulangkeun deui wangsa Kutamaya kana kaprabon. Eta nu jadi pikir kaula beurang lan peuting mah, Langkara! ... jabana deui, ... teu ngarti! naha caroge kami teh ponteng ka nu koneng cueut ka nu hideung? .... Naha bet milih Nyi Bungsu jadi ratu anom teh? .... Apan si Wangi teh tetela lain putra ti Padmawati, ... lain ti kami anu leuwih wasa batan parekan! Naha ratu lali yen kami teh geus aya puluhna taun kumawula ka anjeunna. Ari parekan? ... keur kakara dua tilu taun teh, ... jeung kasebutna oge apan putri boyongan manehna teh! .... Putri boyongan nu kuduna mah paling luhur ge sina jadi juru dapur. Purah nyeuseuh purah ngejo purah ngumbahan parako! Ari ieu? ... Weueu! ... kagunturan madu kaurugan menyan putih, awewe boyongan teh aya bagja bet

dipigarwa ku ratu. Ari ratu, .. ku leumpeuh yuni deuih. Jeung humayua make dadaekanan nyembah ka bujur. Geura wae bandungan, .. sagala nu dipikahayang ku parekan kabeh dikasorangkeun. Ayeuna geus aya bukti, ... anakna jadi ratu anom. Nu bakal ngaganti ratu upama manehna geus sawawa geus cumarita. Isuk pageto, ...kawas-kawas bakal aya panuhun deui nu tangtu temahna bakal ngarugikeun urang ....Ceuk saha wae parekan teh mun teu adug-songkol sangkan terah Kutamaya digupay pikeun dibere kalungguhan-kalungguhan di lingkungan kadaton. Bahaya ta henteu lamun itungan kaula meneran?!"

"Kantenan, ... kantenan wae ageung bahlana!" walon Ki Langkara. "Malah tos aya emutan dugi ka dinya teh. Teu acan soteh nyanggem. Mung Pawarang lali, Sekarwangi teh masih keneh pohara bureyna. Masih keneh jauh lalakonna ka mangsa sawawana teh. Tah, ...margi masih keneh anggang, ... atuh urang tiasa samena-mena tarekah pikeun ngabolaykeun putusan ratu."

Nepi ka dinya, jep heula Ki Langkara teh nyariosna, neuteup ka Padmawati nu harita bangun pohara enya-enyana ngabandungan kecap-kecapna.

"Kumaha, ... kahartos ta henteu ku Pawarang?!" ceuk Ki Langkara bari ngeser nyaketan Padmawati.

Rajapadmi unggeuk bari merong.

"Panuju upami ...."

Teu kebat nyaritana da kaburu dipiheulaan ku mesawara: "Parekan disingkirkeun maksad teh?!"

"Leres! ....kitu pisan pisanggemeun teh!" Ki Langkara giak lain dikieuna.

Sawatara jongjongan mah Padmawati ngahuleng. Taarna kerung bari tungkul kana jujukutan nu geus mimiti tinggarendang ku ciibun. Angin leutik sumiliwir, sinar bulan sapasi melempem. Sora jangkrik jeung londok patembalan patarik-tarik, sakali-kalieun kadenge koreak disada dina tangkal campaka.

"Lain teu maksud nyingkahkeun parekan ti kadaton teh", saur Pawarang bari ngareret ka langit, nengetan bulan. Pok deui nyarios, ari mastaka keukeuh tanggah; "tapi can kaharti kuma carana. Da manasina parekan teh si itu si eta nu gampang wae

diusir dijurung indit bari ngaligincing. Da apan ieu mah estu dipikageugeut pisan ku raja..... Jaba ti eta, ... Sekarwangi budak keneh pisan. Atuh, ... upama indungna euweuh teh, moal ka saha deui dipasrahkeunana. Nya ripuh kami-kami keneh wae".

"Teu! .... teu ieuh bangga nyingkirkeun parekan ti kadaton mah. Malah upama Pawarang luas, ... sanes mung ukur semet diusir ti kadaton wungkul, nanging .... disina reureuh di alam langgeng. Sina bumetah di sawarga nyusul sakumna pangeusi puri Kutamaya bihari, anu lalebuh tumangan basa karaton dijorag ku wadiabala urang".

"Jadi parekan kedah ditelasan?!" Pawarang ngajenghok. "Teu! .... teu wasa ari nepi ka kudu nimbulkeun rajapati mah! ... Sieun ku wawales di ahir! Mangkaning dihenteu-henteu ge parekan teh jalma reugeujeug. Jalma bener. Ka kami pribadi, ... najan enya ge ka maru, ... geuning sakitu tuhu sumujudna!"

"Dosa!" .... Ki Langkara ngalenggak bari nahan piseurieun barang mirengkeun ucap pawarang nu nyabit-nyabit dosa teh. Cing galih ku Pawarang! Na naon gesehna maehan manusa di pangperangan lan mateni manusa dina keur biasa kieu?! .... Cenah parekan jalma bageur, bener! ... Naha ari nu dijagal di medan jurit tur aya ratusna jiwa atawa bisa jadi aya rebuna teh tiasa dipastikeun yen maranehanana jalma teu baleg?! .... Naha di antara rebuan ponggawa nu patulayah di danalaga teh ukur musuh nu teu balener?

Pawarang ngahuleng deui bari ngalelekan kecap-kecapna Ki Langkara. Bener, saurna gegerendengan, naon bedana mateni hiji manusa reugeujeug dina kaayaan biasa jeung maehan rebuan jiwa di pangperangan? Duanana oge sarua wae maehan, katurug-turug, ... moal boa di antara nu rebuan urang lobana teh, teu kurang-kurang manusa anu kaasup kana golongan hade. Nu balageur! .... Naha, ... ari maehan nu ngan saurang tea sok disebut dosa, ari ka nu mangrebu-rebu mah, ... geuning anggur diparuji?! Ah, ... memang araneh pisan kaayaan di dunya teh. Aneh! ... manusa jeung kahirupanana teh! ...

"Kumaha?! .... kahartos ku pawarang anu disanggemkeun bieu teh?!" ceuk Ki Langkara deui. Diukna ngeser nyaketan ka

Padmawati nu harita geus ngahunjar lambar bari nyangsaya na tangkal campaka. Kek wae wetis Padmawati teh dicerek, malah nepi ka rada diteueul-teueul nanaon.

"Teu kedah salempang perkawis meresan parekan mah, ... teu kedah risi ku ratu katut pangagung lianna. Si Hulubalang sanggupeun ngalaksanakeunana nepi ka beres roes bari herang caina beunang laukna. Si Hulubalang sanggupeun ngabongkar rasiah parekan anu matak ngageunjleungkeun sakumna pangeusi puri katut sakabeh jalma anu aya di nagara Kutamaya ieu! ... Perkara Sekarwangi mah, ... tong waka disabit-sabit, marga leuwih gampang deui ngurusna! Leuwih gampang batan nangkubkeun dampal leungeun tina asal nangkarak!"

"Rasiah, Langkara!" Pawarang ngajenghok tatadi ge barang ngadangu Ki Langkara ngucapkeun rasiah nu matak ngageunjleungkeun teh. "Rasiah nanahaon?"

"Naha Pawarang teu uninga yen tamansari teh sok digarunakeun pikeun nu silih tembrakkeun raga katineung?"

"Bisa jadi", saur Pawarang enggal naker ngawalerna. Upamana urang duaan, lain?"

Ki Langkara mani renghap ranjug mirengkeun pawarang sasauran kitu teh. Pok deui nyarios,

,,Yaktos kitu, ... urang di antarana. Mung, ... parekan oge remen pisan ngadon niis di dieuna teh. Angger pisan, ... sok dina handapeun tangkal bungur sisi empang eta! ..., Sareng pasti deuih ... ka dieuna teh sok dina mangsana Sri Prabu nuju gilir ka Pawarang. Geura wae ..., wengi enjing oge pasti ka dieu deui. Mangga intip!"

,,Sok jeung saha si bedus teh di dieuna?"

,,Sareng hiji lalaki, ... duka urang mana-manana mah, ... mung cenah ceuk nu nyaranggem, ... ngaranna teh Ki Jagabaya."

,,Karah si Jagabaya?" Pawarang ngajenghok.

,,Pawarang uninga saha-sahana eta jalma?" Giliran Ki Langkara anu ngajenghok. Tapi ramona nu keur ngaramesan buah bitis Padmawati mah teu kabawa ngajenghok, malah tina ukur ngarames teh jadi ngurutan.

,,Bareto! ... basa anyaran datang ka Kutamaya. Ki Darma

nyarita, yen nu jadi pamanggul jurit di Kutamaya teh nya eta Jagabaya jujulukna. Nya manehna kapetengan Prabu Gangga Malela, anu jadi babanteng nagara turta pohara kaemper-emperna, manehna teh cenah mah lalaki langit lalanang jagat. Malah dilandi ku Prabu Gangga Malela nepi ka katelahna Jagabayana oge. Hartina nu ngajaga nagara katut raja tina pancabaya. Saterusna Ki Darma nyarita, yen Jagabaya cenah anu nyalametkeun seuweuna Prabu Gangga Malela tina ancaman tamtama-tamtama urang basa puri dijorag oge... Kadieunakeun, meunang deui beja, yen Jagabaya teh beubeureuhna si Mayangsari. Malah geus saprukprukeun pisan deuk jalatukrami. Tapi kaburu breg manten ieu karajaan teh ditarajang ku urang ... Ngan rada bingung ieu teh!... Naha enya Ki Jagabaya masih keneh aya dikieuna?"

„Ti mana terangna si Hulubalang kieu patut teh upama mangkelukna tos musna mah ti alam dunya?"

„Sampean kungsi mireungeuh ku panon pribadi, Langkara?!"

„Sumpahna ge, wantun diruang kerepes upami ukur nyanggem tamba bau sungut!"

„Iraha?"

„Tos tilu kali, ngahaja ngintip. Dupi antap-intip kitu teh nyaeta sabada aya nu wawartos"

„Naha atuh kakara nyarita ayeuna?!"

„Pan sagala ge ulah mung ukur ceuk cenah jeung ceuk sugan wae! Tapi ... kedah tetela ku panenjo pribadi. Kalihna ti eta, ... hoyong terang heula, naon nu dibadamikeun, naon nu digunemkeun ku maranehna. Atuh upami digeruhkeun memeh terang nanaon mah nyasat. Kaburu weh jinisna arengeuheun kana kaayaan dirina. Rasiahna pasti moal kakobet"

„Kami mah, teu ngarasa penting pikeun netelakeun ku panon pribadi, tapi ... naon tah nu dialobrolkeunana teh?!"

„Ka hiji, .. mo teu kawangwang ku Pawarang kuma ketakna nu silih pikabeurat hate anu pegat lantaran beunang ku nu lian, turug-turug pirang-pirang taun teu pasarandog. Teu, ... teu wasa nyanggemkeunana. Mung geura wae upami Sang Prabu ningali ku anjeun, maranehna dariuk bari silih pundayan piligenti. Ah,... kuma ilaharna nu keur nyacapkeun duriat wae. Lebah dinyana

mah teu kedah dibeunyeur-beaskeun deui. Ka duana; ... ieu mah kedah disanggemkeunana, marga upama teu dibetuskeun teh,... hanteu! Bakal cilaka sarerea. Wangsa Silalawi di Kutamaya bakal binasa!"

Pawarang cengkat tina ngadayagdagna, ngeser beuki ngaraketan Ki Langkara anu memang geus pohara deukeutna tatadi ge. Atuh ayeuna mah mani sirikna teu pageye-geye wae.

„Ceuk pok atuh terangkeun!" saurna bari kek kana ramo hulubalang nu keur ngurutan wetisna, teras wae diangseu jeung lami oge diteueulkeun kana lambey.

Ki Langkara mani renghap-ranjug ku polah pawarang kitu teh. Goledag wae manehna kana lahunan bari ngeupeul ramo pawarang mani tipepereket. Neuteup bangun geugeut naker. Ari pokna,

„Sagala nu perlu disanggemkeun, tangtos hamo aya nu didingding kelir, tapi ... iraha atuh pawarang deuk nyubadaan subayana teh?!"

Pawarang ngarenghap bari neuteup beungeut Ki Hulubalang nyeh wae imut leleb naker. Imut pangirutan, pok deui sasauran mani haroshos jeung bari ditompokeun ka nu ngagelehe na lahunan,

„Ka hiji, ... urang kudu buru-buru ngarengsekeun urusan jeung parekan; ka dua, ... Sekarwangi kudu disingkirkeun ti kadaton; ka tilu, ... enya ti wangkid ieu mah ratu teh ulah sina ilubiungna kana urusan kaprabon. Keun wae dalah tetepna ge di karaton, da bangga ari dek ditandasa kawas ingetan urang ka parekan mah. Bakuna mah kami sieun katanyaan ku barudak di ahir"

Euh ..., eta? ... apan tatadi ge nu kitu mah tos disanggeman. ngan perkara Sekarwangi, nyanggakeun kana kawijaksanaan Pawarang wae. Pira budak satepak nu kakara yuswa lima taun. Kurang boa. Ari perkara Sang Prabu, ... leuwih enteng deui. Da apan ieu mah sanghareupaneun teh ukur pala putra nu dua katut para pangagung nu pohara deuheusna ka karaton. Ari para pangagung, ... si Hulubalang oge terang, ... saenyana mah maranehanana oge taya nu panujueun Sekarwangi dijungjung lungguh

jadi ratu anomna teh. Marga kabeh ge kahayangna mah ka salah saurang di antara putra ratu gelaran Pawarang!"....

„Tah! .... asa blang wae kami teh" Pawarang bingah lain dikieuna mirengkeun kekecapan Ki Langkara teh. „Naon nu bisa dijalankeun ku urang ka Sang Prabu teh?!"

„Sarerea nyaraho, ... ratu teh katungkul teuing ku madepan parekan katut putra bungsuna. Lat wae urusan nagara mah, da apan dina sakitu welas taun ge, urang duaan anu tihothat nyanghareupan wewenang ratu teh. Ku kituna, urang sakalian wae uarkeun, yen ratu rada teu damang. Kasawatna abot. Langlanglingling teu puguh kituh. Ari nu jadi marga pang dugi ka katarajang kasawat kitu teh, ... nyaeta dumeh kaleleban ku parekan. Apan parekan bade diheulakeun diberesan, ari nu meresanana kalawan asmana ratu ku anjeun. Sabada anjeunna mercanten bari nyaksian pribadi nu baris malacangkrama dina wengi enjing"

Pawarang beuki bungangang wae. Ngemut sabengbatan bari tanggah ka langit. Mega tingkalayang, warna kulawu kawaskawas rada nangnayeumeun. Ret deui ka Ki Langkara bari imut ngagelenyu.

„Langkara!" saurna bari ngusapan kana rambut nu nyangsaya na pangkonan. „Naha enyaan peuting isuk maranehna bakal tarepung deui di dieu?!"

„Kukupingan mah yaktos, ... margi kitu pasinina. Reh wengi enjing teh Sang Prabu mangsana gilir di pawarang. Tah,... bada wanci sareureuh kolot bade tarepangna teh. Handapeun tangkal bungur cenah. Saha wae nu heula datang, kedah nungguan!"

„Ari geus kitu onaman, ... kari ngunjukkeun ka ratu wae. Tapi, .. ulah kami nu nyarita. Kudu nu lian"

„Margina?!" Langkara teu ngartieun naon margana Pawarang teu kersa unjukan ku anjeun.

„Hih, ... galih we! ... ka hiji, ... ratu moal percanteneun. Paling ge kami bakal disangka hianat ka maru, lantaran timburuan. Ka dua, ... meureun ratu bakal tumaros; ti mana kami nyaho kana hal ieu".

„Euh, ... yaktos! ... yaktos kahartos atuh! ... Jadi kedah si hulubalang pribadi atuh anu ngadeuheus sarta nguningakeun perkara ieu ka ratu teh! Bari sakalian anjeunna bade diajak ngintip. Para ponggawa sayaga pikeun ngepung duratmakana. Salajengna mah, upami dugi ka kaperego ... kantun kuma saur ratu wae. Da tangtos, ... duanana baris dicangkalak. Enjing pagetona ditibanan hukuman. Pasti hukuman pati!"

„Kami ge deuk milu ngepung isuk teh", saur Pawarang bari usik sarta ngasta mastaka hulubalang malar cengkat tina pangkonan. „Pasini pasti bakal ditedunan, tapi wengi ieu mah jungjunan, ... urang paturay heula deui wae. Masih kench panjang lalakon urang teh. Sosonoan bisa isukan pageto deui. Saban poe ge apan teu burung rea wae waktu!"

Langkara cengkat bari rumenghap. Sakali deui rema pawarang teh dirames mani bari tipepereket, heg neuteup geugeut naker, pokna,

„Si hulubalang percanten yen Pawarang hamo jalir. Ku kituna si hulubalang baris ngajalankeun sagala pokal geusan nyingkirkeun sagala rurubed nu jadi halangan-harungan kana panyileukan urang duaan."

Pawarang unggeuk. Cengkat lalaunan, bangun sarungkan pisan malah. Teras ngadeg bari matekan rema mani tingderekdek. Leos wae angkat turut-turut rungkun kekembangan. Mapay babalay nu kahieuman ku tutuwuhan, sangkilang peuting harita sakitu rumeukna. ...

Barang Pawarang geus ngiles, Ki Langkara ngahuit, burudul wae tinu hieum-hieum teh sababaraha tamtama jeung salah saurang prawira. Kabeh nyampeurkeun. Tatadi ge hulubalang teh diaraping ku anak-anak buahna, da salawasna ge tara ieuh ludeungeun rumingkang sosoranganan. Tong boro peuting, dalah pabeubeurang oge keukeuh sok diaping jeung dibarengan ku bawahan-bawahanana. Loba kasieunna teh, babakuna sieun dibarongohan ku kaom karaman cenah. Padahal nepi ka harita ti barang Sekarwangi dijenengkeun, geus aya opat taunna taya huru-hara nu dilantarankeun ku urang Kutamaya.

„Kumaha tiasana ngabuktoskeun, boh ka ratu boh ka Pa-

warang, yen Jagabaya teh aya keneh dikieuna tur enyaan majar sok tepang sareng parekan?" si prawira nanya ka hulubalang.

„Gampang atuh! ... isuk! sanggeus tetela parekan niis handapeun tangkal bungur, saperti sasari wae geuning, mun ratu keur kilir ka Pawarang. Silaing Gati", bari nepak kana taktak prawira tea, „Tah katut anak-anak-buah, nyieun di juru Wetan, ti lebah tangkal galinggem. Seug sarerea lalumpat pura-pura keur aya nu diberik. Tangtu kami katut ratu, malah pawarang deuk ngahaja datang. Silaing kudu nyampeurkeun terus hariweusweus carita, aya jalma susulumunan kituh. Disaha-saha anggur mesat bedog bari tuluy ngabecir, kituh! Ka dituna, ... silaing deuk dipangloh ku kami, meureun pikecapeun kami teh; naha make digareuwahkeun? Silaing kudu ngawalon, marga teu terang ratu miwah para pangagung nuju aya nu diintip. Sakitu we. Ngarti meureun nya?!"

„Kahartos?!" walon Ki Gati.

„Ku sarerea kaharti ta henteu?!"

„Sagala anu dijangjikeun pasti tinekanan. Urang sing enyaenya wae digarawena. Ulah poho! ... urang teh teu bisa gagabah, da apan teu saeutik pangagung nu bariluk ka ratu oge, turugturug maranehanana teh gede oge pangaruhna ka tamtama-tamtama. Ngan meureun tadi ge maraneh ngadenge naon nu dicaritakeun ku kami ka pawarang!"

„Kantenan!" saur manuk deui.

„Tapi teu kudu sirik!... jamak wae lalampahan kami jeung Padmawati mah, da geus welasan taun heubeulna kami jeung anjeunna pakait ati teh, Teu laksana, da didahupkeun ka ratu urang ayeuna. Bareto, alam urang keur di Silalawi keneh. Harita teh kami ge can jadi panglima! ... Geus we, teu kudu papanjangan nyarita perkara hubungan kami jeung pawarang. Ngan sing palercaya wae hal ieu teh pohara nguntungkeunana kana usaha urang sarerea".

Taya nu nyarita deui, tapi teu mangkuk sabaraha lilana, bring wae kabehanana aringkah ti dinya. Sanggeus jajap hulubalang ka pamatuhanana mah, kabeh marulang ka saimah-imahna...

III

HEULEUT DUA POE TI HARITA, di salamanggung munggah hempak para santana nagara. Sadaya kempel tumut ka dawuh ratu. Jaksa calik pangpayunna, gigireunana Ki Langkara hulubalang wadiabala Kutamaya nu jadi ulon-ulon tina anu tungtungna nepi ka disidangkeun pisan ku ratu katut sakumna para pangagung nagara.

Ratu linggih dina bale kancana anu disangsarap ku sutra jingga buatan nagri Cina. Rurumbena ditaretes ku inten berlian anu tingkaretip tinggurilap kasinaran Surya nu nembe pisan lugay tina pajuaranana. Gedengeun Sang Prabu di palih kiwa aya Rajapadmi. Calikna rada handapan ti ratu. Ari ditengeneun para putra anu dua, Sekar Tongkeng katut Sekar Tanjung. Sekarwangi mah dalah harita yuswana tos bade lima taun oge diais keneh ku emban kaputren. Pangasuh para putri ti jaman anu cikal keneh.

Tara-tara ti sasari Sekarwangi disapih kitu ti ibuna, bubuhan dihaja ku rama tibarang aya kaributan di tamansari.

Rancangan Hulubalang teh memang taya nu gagal. Parekan ditangkep basa nuju niis handapeun tangkal bungur. Liwat wanci sareureuh kolot nalika anjeunna nuju nyangsaya dina akar bari ngarumbaykeun sampean kana empang. Demi Sang Prabu ngarintip ti kaanggangan katut Pawarang. Diiring ku hulubalang kawantu manehna pisan anu boga pokalna. Sagala anu diamanatkeun ku hulubalang ka bawahanana teh kabeh tinekanan. Atuh peuting harita keneh munggah ubyag sanagara, para ponggawa nagara burber ka ditu ka dieu, cenah aya duratmaka nu kumawani sumolondo ka patamanan, sejana nepangan bebene nu taya lian nyaeta Nyai Manik Mayangsari, parekan ratu anu pohara dipikadeudeuhna.

Nu disebut duratmakana mah karuhan taya junggerengna, tapi teu wudu werana ratu ka parekan teh da harita keneh oge, barang anjeunna ngadangu piunjukna Langkara, teras wae nimbalan nyangkalak geureuha kameumeut sarta ngadawuh malar teras dikagarogolkeun wae. Parekan adug-adugan bari nganaha-naha ge teu ieuh dipalire ku ratu, marga percanten tea kana akal hulubalang anu memang jadi kapetengan pisan.

Barang sakumna uleman geus haladir sadaya, Sang Prabu nimbalan dua ponggawa malar parekan dicandak ka pangdeuheusan. Atuh leos wae eta ponggawa anu dua teh nu teu kungsi lila ti harita geus torojol deui ngiringkeun Nyai Manik Mayangsari nu tos dibarogod pananganana. Ret wae para pangagung teh ka nu dicangkalak, tapi parekan mah bangun teu riuk-riuk pisan bangun teuneung ludeung najan geus uninga yen ku pitenah deungeun teh anjeunna bakal nemahan pati. Nemahan pati lantaran dituduh serong lampah midua manah ti panutan.

Barang ningali parekan bangun sakitu ayemna, jol nyel wae pawarang teh manahna. Sebel, seueul lain dikieuna. Bari ohek-ohekan reureuhak teu crot, anjeunna ngareret ka caroge sarta saurna,

„Geura mangga tingali ituh rai kadeudeuh teh! ... mani asa ieu aing payu. Asa ieu aing bentang di sanagara! ... cacakan geus nyandang tatali, tapi angger wae sombongna!"

„Sina tungkul babandang teh!" saur ratu ka ponggawa anu ngagiringna.

Teu kungsi dipetakeun deui, barang ngadangu timbalan ratu kitu, Nyi Manik buru-buru tungkul kana tincakeun. Manahna angger teger najan anjeunna ngaraos, yen beuki deukeut ka pangdeuheusan, beuki nyedek wae mangsana ajal teh. Ngan barang ngadangu goakna Sekarwangi nu harita dipangkon ku pangasuh, kapaksa tanggah bari neuteup kana peunteu murangkalih anu teu weleh ngopepang pananganana bari ibu-ibuan.

Wawanen anu tadina sakitu leber, daweung nu bangun pohara teuneungna teh, ku goak sareng polah murangkalih mah ngadadak sirna. Manahna dadak sakala leyur kawas ibun bajra kapanasan. Teu antaparah deui ngan belesat wae anjeunna lum-

pat bari ngabanting ponggawa nu aya di kiwa tengeneunana. Saha wae anu aya di jalaneunana, dirumpak bari teu pandang deui naha nahaon pangkatna. Atuh teu wudu di salamanggung teh jadi geumpeur. Sarta memeh sarerea engeuh kana eta kajadian, Nyi Manik tos nangkeup putra bari digalentor. Putrana nu masih keneh dikeukeuweuk ku pangasuhna. Ari pangasuh, anggur bengong harita ţeh.

„Naha diarantep wae tateh?!" pawarang wera bari tutunjuk ka nu haladir.

Der wae salamanggung dikepung da nyarangka Nyi Manik deuk mabur bari nyandak Sekarwangi. Ponggawa nu dua kebat muru kanu keur ngagalentor Nyi Bungsu.

Sawatara jongjongan lilana itu ieu padogeng-dogeng. Nyi Manik keukeuh nangkeup ku siku ka putrana, ponggawa nu saurang keukeuh ngabebenyeng angkeng jeung nu saurang deui mencet satakerna kana panangan parekan. Kakara lesot barang Ki Langkara turun tangan da teu hese ku anjeunna mah. Da ngan kerewek wae kana jempol, heg dipiteskeun nepikeun ka ngerekek. Goak wae parekan teh, teras nangis bari nyabit-nyabit jenengan putra. Tapi pananganana geus teu ngeukeuweuk deui nu keur dipapangku ku emban ayeuna mah. Saterusna Nyi Manik mani teu sirikna digusur ku ponggawa anu dua teh, disina calik andiprek payuneun panglinggihan ratu.

Nu baruriak ku ayana reuweuh-reuweuh tadi geus arandekak deui. Ratu teu lemek teu nyarek barang ningali parekan ngarangkulan putra bari inghak-inghakan teh. Malah anjeunna oge mehmehan teu kaampeuh nahan cisoca. Dalah amarahna ngagugudag oge, ari ningali polah parekan kitu mah ka putra nu dikakandungna, ngaleketey oge manahna. Mung kapaksa ditahan satekah polah da inggis kataringalieun ku para pangagung nu sakitu lengkepna dina sidang harita.

Jep jempling di salamanggung teh. Jaksa ngadeg. Cong nyembah ka ratu bari piunjukna,

„Parantos mangsana, kaulanun". Ret ka pawarang satutasna nyarios kitu teh.

Sang Prabu katut pawarang arunggeuk.

Jaksa malik, ratu rada kagedengan tengeneunana, mayun ka babandang. Mencrong sawatara jongjongan, teras dehem bari nungkup baham ku panangan.

„Kaula, ... jaksa di nagara Kutamaya anu dina danget ieu manggul dawuh ngemban timbalan pupuhu nagara pikeun mariksa sakitan wasta Nyai Manik Mayangsari"...

„Teu pindo damel, ... jisim kuring pisan anu katelah pun Manik Mayangsari teh", ceuk babandang bari tepak deku sakumaha tadi.

Jaksa dangah, socana ngulincer kana pameunteu nu haladir, pok deui sasauran,

„He para kaula nagara! ... danget ieu kaula kapercanten deui pikeun mariksa perkarana Nyai Manik Mayangsari, parekan ratu urang sadaya alatan dituduh silung laku serong lampah, minculak peta kawas lain ka narpati, curang kawas lain ka raja. Cenah ceuk nu mawa ieu perkara kana ieu sidang ... Kiwari sakitan geus nyandang tatali, nu boga dosa cenah geus jadi babandang. Tapi geus jadi talari ti bihari geus kacaraan ti baheula, jaksa mah darma mariksa, bobot pangayonna aya di ratu. Ngan samemehna, nu mawa ieu perkara dimangka carita".

Sang Prabu lungsur tina panglinggihan, teras ngadeg gedengeun jaksa bari mencrong ka parekan. Sasauran bari nunjuk mani teu sirikna nyolok kana pangambung sakitan,

„Kaula, ... Prabu Ragapati nu jadi pangauban sakumna pangeusi nagri nu jadi papayung nagara Kutamaya Silalawi, nu nepi ka danget ieu masih keneh jadi salakina Nyai Manik Mayangsari-parekan kaula-nguningakeun ka sidang, yen Nyai Manik Mayangsari-parekan kaula teh-geus kumawani nyieun peta teu uni, geus lancang midua hate ti nu jadi panutan. Sakitu ti kaula. Mangga geura pariksa ku jaksa nu boga wewenang pikeun ngurus perkara!"

Ratu mundur, gek deui linggih dina singhasana. Jaksa mencrong deui ka sakitan,

„Mayangsari!"

„Kaula, ... Mayangsari!" walerna bari neger-negerkeun anjeun.

„Mangka reungeukeun ku cepil, tengetkeun ku angen!" saur jaksa deui.

„Timbalan ...!" waler parekan teu riuk-riuk.

„Andika dina danget ieu teh sakitan. Tuduhan dina perkara ieu teh nyaeta, andika nu jadi parekan ratu, ... saurna geus kumawani lanca-linci pikiran. Geus lancung minculak tincak ngabokong ti bongohna, ka ratu bet ngijing sila bengkok sembah, ku kituna ... kaula neda waleran-waleran nu sąbalakana, nu brukbrak teu dikurangan teu ditambahan ku andika, upama ditaros ku kaula, atawa ku ratu nu bakal nibankeun putusan di ahir, hukuman naon-naonna nu pantes karandapan ku andika!"

„Unjuk sumangga, kaulanun".

„Sumpah yen andika moal linyok moal bohong enggoning nyarita?"

„Kaula, ... Manik Mayangsari...., sumpah moal linyok moal bohong".

„Mayangsari! ... geura waler! ... Saha ari nu disebut Jagabaya teh?!",saur jaksa bari socana tanggah ka lalangit salamanggung.

Parekan ngagebeg barang ditaros kitu teh, teu buru-buru ngawaler tina teu nyangka sacongo buuk yen geuning anjeunna teh bet dituduh serong lampah jeung hiji jalma nu geus mangpirang-pirang taun heubeulna teu tepung-tepung. „Jagabaya?!" pokna dina kalbu. Antara tumanya jeung nyarita biasa. „Enya, ... manehna teh ... panutan aing bihari. Beubeureuh awaking nu leungit tanpa lebih ilang tanpa karana. Harita, bada karaton Kutamaya diambreg ku wadiabala Silalawi. Ah, ... geus lima taun katukangan!"

„Mayangsari!" Jaksa nyentak. Nu haladir ngagarebeg da teu weudeu bedasna jaksa nyauran parekan harita teh. „Naha teu buru-buru ngawaler?!"

„Euh, ...hapunten wae. Nu dipariksakeun bieu teh kirang kadangu" saur parekan bari cengkat. Ret ka jaksa, ret ka ratu, ret deui ka pawarang anu harita katingalina bangun guligah mamanahan.

„Sakali deui kaula, jaksa di nagara Kutamaya, nanya ka

andika. Malikan pananya tadi...; cing sebutkeun, terangkeun sing saujratna: Saha ari nu disebut Jagabaya teh?!"

„Lalaki langit lalanang jagat nu moal aya pitandingeunana di dieu mah .... Anjeunna teh kapetengan pun paman suargi, Sri Prabu Gangga Malela anu kasambut ing medan jurit nalika Kutamaya ditarajang ku karajaan Silalawi. Nya Ki Jagabaya babanteng nagara nu salawasna cadu mundur ti pakalangan!"

Ger wae sakumna nu haladir teh garumujeng. Malah Ki Langkara mah ngan gaok wae nyarios bedas naker,

„Kutan pamukna Kutamaya nu taya pilawaneunana Ki Jagabaya teh?!"

Nyi Manik cengkat, mencrong semu nguntup ka nu ngawakwak sarta saurna,

„Upami anjeunna aya di dieu, payuneun sampean ..., kuring wantun tarohan dihapit ku sapuluh. Margi upami anjeunna ijen bari sampean ngagunakeun gobang eta nu disoren, anjeunna lemor, ... pasti .. sampean bakal kawiwirangan di pakalangan!"

„Manik!" Pawarang ngadeg bari molotot ka parekan. „Maneh ngahina babanteng nagara! ... Jeung lamun enya ge urang Kutamaya boga pamuk, ... sageuy tingbalecir, sageuy nepi ka kadeseh ku terah Silalawi?"

Nyi Manik merong ka pawarang, bahamna tos engab rek nyarios, tapi kaburu kapiheulaan ku jaksa,

„Mayangsari! ...kaula mah ngan ukur hayang nyaho wungkul saha-sahana Jagabaya. Ayeuna geus kadenge ku ceuli pribadi, yen manehna teh ceuk andika bieu, ... nyaeta babanteng nagara Kutamaya alam Prabu Gangga Malela masih keneh mangku kaprabon. Kitu lain?!"

„Timbalan!"

„Tah ayeuna waler! .... wawuh pisan andika ka Ki Jagabaya teh?!"

„Kantenan, .. malah sanes mung ukur wawuh, nanging ...".

Can kebat sasauranana parekan teh, pawarang nembrong pokna,

„Nanging, beubeureuh lain?!"

Ger deui hadirin mani ager-ageran. Sang Prabu reup geu-

neuk ray pias pameunteuna. Pawarang imut bari ngalirik ka hulubalang, tapi parekan mah ngadadak nyeblak. Sakedet netra emutanana tos ngacacang ka mangsa-mangsa katukang. Tapi kaburu pok deui wae jaksa mariksa,

„Jadi kumaha tah halna antara andika jeung manehna teh?!"

„Upami dipercanten ku jaksa, ... kitu deui ku ratu miwah sakumna para pangagung, ... pun Jagabaya teh sasat masih keneh wargi. Dulur sabrayna mindo ti pun biang".

„Tapi ..., enya ta henteu yen manehna teh beubeureuh andika?"

„Leres! ... malah parantos dipaheutkeun ku sepuh-sepuh ti ditu ti dieu, sim kuring bade dijalatukramikeun sareng anjeunna".

„Tapi teu kaburu, nya?!"

„Leres, ... margi pisasasiheun kana prungna, ... Kutamaya kabujeng ditarajang sareng saterasna dilindih ku karajaan Silalawi".

„Terus, ... andika dipigarwa ku ratu. Nyaeta sanggeus diboyong ku para tamtama pangawal karajaan".

„Leres!"

„Jadi ngarasa, ... yen andika teh parekan ratu?!"

„Kantenan".

„Tah, .. ti barang Kutamaya dilindih ku terah Silalawi. Sarta ti barang andika dipigarwa ku ratu, ..., sok mindeng panggih ta henteu jeung manehna?!"

Parekan ngagebeg dipariksa kitu teh. Beuki panteg wae sangkaanana, yen enya cenah pokna dina ati, aing teh dituduh serong lampah jeung panutan aing. Padahal, .. di mana boa anjeunna ayeuna teh! Biheung aya keneh biheung henteu!

„Sakali deui Manik!" Jaksa malikan deui panaros cikeneh. „Sabada dipigarwa ku ratu, ... sok mindeng panggih ta henteu jeung manehna?!"

Mayangsari cengkat, seug neuteup ka pameunteu Jaksa pok wae nyarios,

„Teu acan sakali-kali acan kaulanun".

Nu haladir mani saheng, pawarang ngabenyengan bari uhak-

ohek, ngaludah henteu crot tea, malah saurna,

„Lah, ... di mana teuing aya bangsat ngaku?!"

„Leres! ... leres", hulubalang milu carita, „Upami teu disiksa heula mah, ... memang tara aya bangsat jol ngaku wae kana dosana".

Jaksa nyeuneu sarta ret ngalieuk kanu garegelendeng pungkureunana,

„Ja kaula Jaksa di ieu nagara teh! Nya kaula anu keur mariksa perkara. Ratu nu ngasta bobot pangayon timbang tarajuna. Nya anjeunna nu bakal nibankeun putusan. Lian ti eta, ... tatadi kaula tacan neda panyaksen ti Kai Hulubalang nu memang jadi saksi utama dina ieu perkara!"

Jep wae jarempe. Pawarang jebi bari rarayna beureum awahing ku mindel da asa dijejeleh ku jaksa. Hulubalang panas hatena, malah make ngancam dina atina mah awas cenah, ... dina hiji mangsa mah mun maksud aing geus tinekanan, ... dek dipocot si kolot tukang kokolot begog teh tina pangkat jaksana. Sagala perkara ti mariksa nepi ka mutuskeun, kari kuma pawarang jeung aing!

Teu kungsi lila saur jaksa deui,

„Jadi enyaan parekan tara tepang pisan jeung Jagabaya ti barang jadi geureuha ratu nu anom teh?!"

„Wantun sumpah sakali deui, sareng apan tadi parantos sumpah, yen simkuring hamo linyok hamo bohong enggoning ngawaler sagala nu dipariksakeun ku jaksa".

Ari saur jaksa bari ngareret ka sawatara pangagung nu arantieum lalinggihna. Pangagung-pangagung nu geus yaruswaan,

„Kai Suwita! ... Kai Tarma! ... Tisna!!! ... aranjeun pangagung nagara nu tos araya yuswaan, anu dareuheus ka ratu ... Malah nya aranjeun pisan babad kaula pribadi di lingkungan kadatuan teh ... Cing neda kamandang kumaha timbangan aranjeun kana ucapan parekan bieu?"

Srog hiji pangagung nu tos camutmut rambutna ka payun cong nyembah ka ratu miwah ka pawarang, ret ka parekan, teras mayun ka jaksa. Pok wae sasauran,

„Kaula kolot tokroh-tokroh nu sok teu weleh kapercanten

ku ratu, ... nyanggakeun pihatur reh dipundut ku jaksa. Ari Ki Jaksa, kaula terang pisan, anjeunna teh jalma luhung. Berbudi, Dina sagala lampah sahinasna, ngadek sacekna nilas saplasna. Tah kana pamundutna teh kaula seja mihatur ...; pondok wae, ... yen parekan teh yaktos teu linyok teu bohong. Upama anjeunna nyarios yen tara tepang jeung anu disebat Jagabaya tea, ... kaula percaya. Sakitu pihatur teh".

Geus sasauran kitu mah eta pangagung teh mundur. Ari saur jaksa ka pangagung nu saurang deui,

„Kumaha ari pamendak salira, ... Tarma?!"

„Sami sareng piunjukna pun Kai Ita bieu, nun!"

„Dupi Ki silah, Kai Tisna?!"

„Nya kitu pisan deuih!"

Jaksa mayun ka ratu, sarta piunjukna,

„Kaulanun gusti, ... mugi awon teu kapiunjuk; kitu geuning pamendak para santana bangsa tunggul-tunggul kaprabon teh. Kumaha timbangan dampal gusti dina perkawis ieu?!"

„Jaksa!" saur ratu, „Kaula terang pisan yen eta santana nu tilu teh jalma-jalma nu saratuhu ka kaula. Nu tara ngarijing sila barengkok sembah saendengna, satungtung kaula mangku kaprabon teh, nya aranjeunna pisan nu pangdeuheusna ka kaula. Nu ngaping jeung ngajaring kaula enggoning ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara. Tapi ..., dina perkara parekan mah, anjeunna memang teu tarerang nanaon. Jeung sanajan ceuk pamendakna, parekan tara tepang jeung nu disebut Jagabaya tea, ... mangka lali, apan saur sepuh oge ... munding sarakit bisa diurus ku budak angon saurang, tapi jalma sasiki ... hamo kajaga ku pirang-pirang manusa. Tah kitu katerangan kaula saheulaanan, ayeuna, .. parios rekan nu saurna, tos sababaraha kali ningali ku socana pribadi, parekan sok ngadon ngeueung di tamansari, angger sok lebah handapeun ki bungur sisi empang tea. Kira-kira geus nyedek ka tengah peuting, nya sok aya jalma datang, saterusna duka naon cenah maksudna eta jelema nu nepangan parekan di patamanan teh. Ngan kadieunakeun kakara aya beja, ..., eta jalma teh ngaranna Ki Jagabaya, babanteng nagara Kutamaya baheula, alam diratuan keneh ku Prabu Gangga Male-

la!"

Jaksa mayun ka parekan, pok wae mariksa,

„Sumangga geura sasauran, nyanggakeun dawuh ratu timbalan raja. Mung samemehna, sim kuring jaksa di nagara Kutamaya hoyong tumaros heula ... Naon marga lantaranana numawi Rajapadmi teu nyarioskeun ti kapungkur ka ratu yen pun parekan gaduh lampah kitu?"

Pawarang lungsur tina panglinggihan, teras ngadeg payuneun jaksa. Rarat reret ka sakuriling bungking, nengetan raray para santana nu haladir, panutupan ngareret ka hulubalang. Ari hulubalang, barang ret ditingali ku parekan, buru-buru masihan isarat ku rindat soca.

„Kai Jaksa!" saur pawarang sabada ngarenghap. „Kaula memang teu werat ngadoni ka ratu perkara tingkah-laku parekan, margina, ... kaula masih keneh ngaragangan diri pribadi, da sieun aya tuduhan pajar kaula nyieun pirurungan. Pajar kaula ngajerum abong ka maru. Ilaharna nu dipangwayuhkeun, ka maru sok mikaceuceub. Ari diri kaula, ... piraku teu tarerang, apan sanggeus diwayuh nepi ka lima taun heubeulna teh, nu tara tea miceuceub micua ka parekan. Ja lamun boga hate jahat mah, atuh ti bareto wae, tong ngawidian caroge pikeun geureuhaan deui. Matak nahaon mun nanduk ti baheula keneh?"

Hadirin tinggerendeng, sawareh ngaenyakeun sawareh teu palercayaeun. Atuh nu ngaenyakeun ka saur pawarang, tangtu para santana nu bariluk ka anjeunna. Nya eta esang-esang Ki Langkara nu memang geus samiuk pikeun ngagulingkeun Prabu Ragapati tina kalungguhanana. Anu teu palercaya, ieu mah bangsa nu dareuheus wae ka karaton. Panasehat-panasehat ratu enggoning ngeuyeuk dayeuh ngolah nagara, tapi anu dina seuhseuhanana teu weleh peunggas da puguh golongan nu biluk ka hulubalang leuwih kuat jeung leuwih rea jumblahna.

„Mung sakitu Pawarang sasauran teh?!" saur jaksa barang Rajapadmi liren sasauranana sarta lami teu disambung-sambung.

„Yaktos, mung sakitu. Mung sakali deui, saeutik deui! .... sim kuring teh sanes sakali dua kali wae ningal parekan. Bilih teu percanten, bilih pajar sim kuring akon-akon, ... sumangga

pariksa emban-emban nu nya kitu deuih, tareranganeun kana eta kajadian!"

Jaksa malik ka emban-emban nu arancemon di kiwa tengeneun singhasana, pok wae mariksa,

„Leres ta henteu nu didawuhkeun ku gusti maraneh bieu teh?!"

„Leresss! ... lereeessss!!" saur manuk.

Jaksa unggak-unggeuk, tapi taarna kerung. Pawarang imut ngagelenyu bari dangah.

„Tah, ... ayeuna kaula bade tumaros ka Ki Langkara. Pamuk batur jenuk pahlawan balarea. Nu jadi kapetengan ratu, nu jadi babanteng nagara. Tumaros ka anjeunna soteh reh anjeunna pisan nu panuhun ka ratu malar ieu perkara buru-buru dipariksa. Kalihna, reh tos teu kinten lamina Ki Hulubalang hoyong nyarios pikeun nguningakeun sagala kauninga tina perkara parekan ieu ...". Ret Ki Jaksa ka Ki Langkara, „Sumangga, ... nahaon nya picarioseun teh?!"

„Nun ratu sembaheun kuring sadaya, ... he para santana sadaya, Kai Jaksa nu kapercanten ngajalankeun papariksaan dina ieu perkara! Hamo jenuk nu dicatur moal rea nu dipedar, deuk dijojo pondokna, rek diala beuti buahna wae, ... sim kuring mung ukur tiasa nyanggem, ... wengi tadi teh kaleresan sim kuring ngiring ratu ngangin di patamanan. Malah sarawuh gusti pawarang pisan. Nembe ge sim kuring katut ratu miwah pawarang dugi ka lebah tangkal kacapiring, katingal ti kaanggangan harita teh, parekan nuju nyangsaya na akar bungur di sisi empang. Kawitna mah bade mendakan pawarang kuring sareng anu disebatan tadi teh, nanging nembe ge tilu lengkah ti lebah kacapiring tea, der teh nu riributan di palih Wetan di juru kajadianana, lebah tangkal asem nu kolot tea. Ari dibujeng, simanahoreng para tamtama nu giliran jaga nuju ngepung hiji jalma nu susulumunan bangun aya maksad demit. Nanging nya kitu, sanaos ahirna pada ngepung bari taya nu tinggal ti pakarang, eta mangkeluk teh tiasa lolos. Duka ka mana losna".

„Direureungeukeun ku cepil, ditengetkeun ku angen sagala anu dicarioskeun ku salira bieu teh", saur jaksa ka hulubalang.

Teras mungkur sakeudeung. Mayun ka ratu, pokna tumaros, „Kumaha timbangan dampal gusti nu kaleresan aya dina lelewek riributan wengi kamari?"

„Kaula ukur ngadenge yen para tamtama gujrud nyararitakeun ayana jalma nu susulumputan kawas-kawas nu boga lampah demit. Ari ditanya saha-sahana anggur ngalugas pakarang. Atuh breg wae dikarepung, tapi cenah, ... eta duratmaka teh ngajerelet!"

Ki Jaksa malik deui ka hulubalang:

„Tah, ... sabada aya dawuh ratu kitu, ... kumaha Ki Hulubalang, naha tiasa mastikeun yen eta jalma teh Ki Jagabaya nu memang bade nepangan parekan di tamansari?"

„Saha deui atuh upami lain manehna?"

„Numawi, ..., sim kuring mah teu terang, eta margina mana naroskeun ka salira oge. Hoyong terang, naha enya eta nu susulumputan teh Ki Jagabaya nu cenah tilas beubeureuh parekan mangsa-mangsa katukang?"

Hulubalang teu lemek. Ari saur jaksa deui,

„Tiasa Ki Hulubalang mastikeun yen eta jalma teh Jagabaya?"

Hulubalang angger teu carita, tapi merong ka jaksa, leungeunna ngaragamang kana hulu gobang, terus diramesan bari huntu kekerot.

„Gusti" saur Jaksa ka ratu. „Ki hulubalang ngabetem diparios kitu ku kaula gusti teh. Tina kituna, ... kaula gusti mung tiasa ngiring dina ieu perkara teh, dugi ka danget ieu wae. Salajengna mah bade medal sila ti payuneun ratu, amit kaulanun! Mugia ageng nya haksami!"

„Jaksa!" saur ratu bari cengkat. „Andika teu mampuh neruskeun ieu perkara?"

„Dawuh timbalan! ... amarga naon deui nu bade diperkawiskeun teh. Ki Hulubalang anu sasatna gaduh pokal di sagedengeun gusti, malah numutkeun laporan mah, nya anjeunna pisan nu ngadongsok malar perkawis parekan dikana sidangkeun, ari buktosna ..., Ki Hulubalang teu tiasa ngawaler-ngawaler acan ditaros tiasa henteuna mastikeun yen jalma nu susulumunan

wengi kamari teh yaktos Ki Jagabaya anu disangka serong lampah sareng parekan tea."

Sang Prabu ngahuleng, taarna kerung. Sakecap-kecap jaksa dihaben ditengetan, tapi keur kitu Pawarang majeng ka payuneun ratu, teras nyarios,

„Nun gusti sembaheun sakumna pangeusi nagri, mugi awon teu kapiunjuk kaulanun, rai gusti bade nyanggakeun pihatur boh manawi bahan katampi. Manawi rai diangken keneh, manawi dianggap keneh ku dampal gusti anu ngasta pati huripna abdi-abdi."

„Sumangga geura sasauran, rai!" saur ratu bari neuteup ka Rajapadmi.

„Emutan rai gusti nu bodo belengong taya kanyaho, nu dusun meledug taya kabecus, ... pun jaksa teh tos teu kinten kolotna. Malah sakedap deui oge bakal kagolong jalma pikun, ku kituna, ... asa langkung sae upami ieu perkara teh dipasrahkeun ka jalma sejen nu langkung perceka. Nu masih keneh encer uteukna, ulah cara kai jaksa ayeuna nu apan tetela, tos pohara limpeurannana. kalihna ti eta, ... dampal gusti kedah aya timburu, ... naon margina pun jaksa bet bangun rada mangmeunangkeun parekan. Moal kitu sailon mah? ... Moal kitu pribadosna ngahiji sareng terah Kutamaya anu mangsa-mangsa kapungkur bararuntak margi hoyong ngagulingkeun dampal gusti tina singhasana? .... Naha dampal gusti lali, ... yen kapungkur pun jaksa sok ponteng wae ka pihak karaman nyaeta upami nuju marios perkara. Geuning remen pribadosna mah ka unggal nu baruntak teh sok panuhun malar teu ditibanan hukuman nanaon. Babandang nu kedahna ditibanan hukuman pati, ki Jaksa mah ukur usul dipanjara wae saheulaanan. Basana angger, ... keun sina babalik pikir. Anggur urang papagahan kana jalan bener malar dirina mulus rahayu anu temahna matak lulus ka nagara. Kitu apan sanggemna oge! ... Ayeuna, ... kitu pisan tujuan pribadosna teh. Hoyong ngabolaykeun perkarana parekan anu tos tetela midua manah ti panutan. Anu tos tetela, serong laku ka ratu, tur sayaktosna mah, rai gusti kantos nguping pribadi pun parekan nyanggem sareng Kai Darma dina hiji mangsa, pokna, Dina hiji mangsa mah pasti

Kutamaya bakal lilir deui. Pasti bakal mulang deui kanu gaduhna, nyaeta para putra Kutamayana pribadi. Ratu anom Kutamaya anu jenenganana Kai Rangga Malela, pasti bakal mulang deui ka lemah caina, nyaeta ratu anom nu dina keur bureyna diselongkeun ku Jagabaya ka tanah Galuh. Kapungkur kajadianana teh, ... nalika karaton Kutamaya diambreg ku wadiabala urang. Bilih wae dampal gusti teu percanten, sumangga parios pun parekan, naha yaktos ta hanteu pribadosna tos nyanggem kitu sareng Kai Darma. Malah sumangga Kai Darmana sina ngadasta ka dieu!

Dugi ka dinya pawarang teh sasauranana. Teras wae mulih deui kana panglinggihanana. Sang Prabu ngahuleng bari rumenghap. Ret neuteup ka Ki Jaksa nu harita teu lemek teu nyarek. Tungkul kana pangcalikan, socana peureum tipepereket. Ret deui Sang Prabu teh ka parekan nu nyakitu deuih, tungkul kana dengkul, peureum deuih, Ari lambey kunyam-kunyem kawantu anjeunna teh keur neneda ka Nu Ngayuga bumi jeung langit.

Teu mangkuk sabaraha lamina deui, Sang Prabu ngareret ka hulubalang, pok wae ngadawuh,

,,Langkara! ... sabab Kai Jaksa teu sanggupeun neruskeun mariksa ieu perkara, ... ayeuna andika ku kaula dipapancenan pikeun ngajalankeun perkara saterusna. Lian ti eta, tumut ka kasauran pawarang bieu, ... geura jurung sababaraha urang tamtama. Kai Darma sina ngadeuheus. Mun perlu bandang wae sakalian!"

Srog Ki Langkara maju. Terus marentah sababaraha urang ponggawa pikeun ngala Ki Darma.

,,Kaula gusti bade ngantos dongkapna pun Darma wae!" pokna ka ratu.

Sang Prabu unggeuk.

Kai Darma teh nyaeta kasepuhan terah Kutamaya pituin. Pirang-pirang taun anjeunna teh jadi guru kasantikaan sakumna para santana Kutamaya, malah kaiasana teh warisan ti luluhurna, nu nya kitu deuih, luluhur-luluhurna oge jadi guru kasantikaan kaprawiraan pikeun para santana Kutamaya ti mimiti diadegkeun nepi ka mangsa kadesehna ku wangsa Silalawi. Teu mangkuk sabaraha lilana, para tamtama geus marulang deui ka salamang-

gung, Ki Darma kairingkeun. Barang anjog ka pangdeuheusan, cong wae nyembah sarta nyanggakeun pihatur,

„Sumangga kaula gusti pun Darma, nyanggakeun pangdeuheus kaulanun!"

„Calik! ... calik kiyai ... Tah gedengeun parekan nu kiwari nyandang tatali!"

Ki Darma teh tatadi ge barang srog ka pangdeuheusan, geus ngajenghok barang ningali kapi putrana jadi babandang teh. Tapi ti anggalna ge tos terang, da aya nu wawartos. Atuh harita teh, teu wudu peureus peurihna eta kasepuhan teh. Ngan ukur tiasa ngageremet dina hate; „Dihin pinasti anyar pinanggih. Urang mah manusa, ... ukur jadi kaulinan. Teu daya teu upaya. Sing inget-kana piwejang ua! ... kulak canggeum bagja awak, ... urang teu ngaboga-boga!"...

Tacan ge merenah silana, geus pok hulubalang ka nu anyar,

„Kai Darma! ... Andika tanwande kaget naon sababna parekan nyandang tatali kitu, nya!"

„Kantenan, malah sim kuring mah banget nya teu ngartos naon nu jadi marga lantaranana".

„Hih! ... nu matak andika disaur ngadeuheus teh, ... kaula nu dina danget ieu nyangga timbalan raja pikeun mariksa perkara perekan, hayang meunang raratan nu pikahartieun ti andika teh!"

„Naon margina numawi hulubalang neda raratan ti sim kuring?!"

„Kaula nu deuk tumaros teh", ceuk Ki Langkara bari ngusap kumis ku ramo kenca. Panangan katuhu nyepeng tungtung perah gobang. „Andika ukur ngawalon sagala nu ditanyakeun ku kaula. Ngarti?!"

„Sumangga, ... bade diajar ngartos wae sakali ieu mah kapalay hulubalang. Sanaos dina mangsa-mangsa katukang mah, sim kuring teh sok poekeun wae ku rupa-rupa pamundut sareng rupa-rupa kapalayna sanggem para ponggawa holna teh ti hulubalang".

„Teu ditanyakeun perkara eta mah!" hulubalang nyentak bari molotot. „Naon perluna dicaritakeun?!"

Jep wae Ki Darma teh balem.

„Kai Darma! ... cing waler, ... Naha enya andika kungsi cacarita paduduaan jeung Parekan di imah andika?!"

„Sanes kantos, kaulanun, ... nanging sering!"

Ger wae sawarehna ti nu haladir garumujeng. Lucueun ku kekecapan Kai Darma nu ceuk dina emutan aranjeunna, hulubalang alamat diheureuykeun. Jeung eta sepuh teh, moal beunang disingsieunan ku pedang atawa ancaman-ancaman, nu ngabahayakeun jiwana. Apan sakitu kamashurna anjeunna teh. Mahaguru hing nagara Kutamaya.

„Sok naon wae nu dicarioskeun ku parekan ka andika?" saur Jaksa deui sanggeus nu alager-ageran jempe deui.

„Numawi, ... sim kuring teh teu kinten limpeuranana, rupina wae kajurung ku kakolotan. Ku kituna, naon-naon nu sok dicarioskeun ku pawarang ka sim kuring mah, sumangga parios jinisna wae".

„Darma! ... Andika ngaheureuykeun ka kaula nu dina danget ieu jadi tukang miunjuk lantaran kacanir bangban ku ratu?"

„Langkara" Sang Prabu nyelang nyauran kanu keur tibubuncelik. „Gugu wae Kai Darma, coba pariksakeun ka jinisna. Bisi enya wae anjeunna geus pohara limpeuranana."

Teu kungsi ngawaler kana dawuh ratu, ret wae hulubalang ka parekan, bari nunjuk jeung soca angger tipopolotot, pok wae naros,

„Manik! ... rumasa ta henteu sampean geus nyarita yen di na hiji mangsa terah Kutamaya bakal harudang deui sarta kaprabon Kutamaya bakal kapimilik deui ku nu bogana?!"

„Rumaos".

„Iraha sampean carita kitu jeung Kai Darma teh?"

„Sering, ... malah sanes mung sareng Kai Darma wungkul nanging sareng puluhan, malah sareng ratusan jalma bibit buit Kutamaya. Malah si kuring percanten, ..., hal eta teh tos sumebar ka suklakna ka siklukna. Kum sakumna putra-putra Kutamaya tos garaduh pamadegan kitu."

„Jadi ..., ana kitu mah sampean jelemana anu ngahucuhkeun kana huruhara alam-alam katukang teh!"

„Teu rumaos ari ngahucuhkeun mah, mung ... rumaos soteh

sering nyanggem kitu, nu ditaroskeun ku salira tea".

„Tah, ... naon sababna atuh nu matak sampean remen nepungan Kai Darma?!"

„Naha salira teu uninga? ... apan anjeunna teh pun Ua! Ua teges, saderek saibu-saramana pun bapa. Nya anjeunna sepuh sim kuring pigeusaneun sumalindung dina aya karerepot teh. Na teu kenging sim kuring dumeuheus ka sepuh mangpang-meungpeung jumeneng keneh?".

Ger deui nu hadir teh garumujeng bari sawareh mah tingdarilak ka hulubalang.

„Jempe! ... andika taya nu dititah seuri!"

Atuh jep wae nu garumujeng teh, mani teu sirikna ngabarekem anjeun.

„Sok aya widi ti caroge upama sampean ngadeuheusan ka Kai Darma?!"

„Osok sakapeung, .. tara sakapeung. Kumaha kaayaan wae!"

„Tah, ... naha dina mangsa teu kawidian ku ratu, ... naha eta lampah teh bisa dianggap bener ta henteu?!"

„Nyanggakeun kuma timbangan juragan hulubalang wae. Sae awonna mah sim kuring moal tiasa nyanggem".

„Sakali deui wae, Manik! ... Jadi ..., enya atuh sampean teh cohagna mah sok carita-carita perkara deuk tigulingna wangsa Silalawi tina singhasana?!"

Parekan geus teu sieun nyanghareupan sagala hal nu baris tumiba ka dirina, geus teu gimir ku hukum pati, lamun tea mah satutasna eta perkara enyaan anjeunna bakal ditibanan hukum pati. Ayeuna mah nu katingali ku soca batinna teh, anjeunna keur nganclang dina mangsa-mangsa nu geus lawas katukangan. Mangsa-mangsa nu dalah nepi ka iraha wae oge moal weleh ngait dina ati sanubari. Di dituna mah, ... anjeunna teh masih keneh lanjang. Keur ngawula ka Pawarang ratu Kutamaya suargi. Pawarang anu pohara deudeuh nyaahna ka anjeunna, anu ngangkenna kawas ka saderek patungturun hulu.

Enya, ... mangsa harita pisan. Basa karaton diambreg ku wadiabala Silalawi. Kira-kira lima taun katukang kajadianana teh. Geus samiuk sadayana ge pawestri di karaton teh, sadaya

tumut kana pangajakna Rajapadmi. Yen ..., upama Sang Prabu sarawuh para santana nagara kasambut danalaga, ... sakumna pangeusi puri kedah lalebuh tumangan, amarga nembongkeun kasatiaan ka panutan atawa caroge anu tarega pikeun nagara katut bangsa.

Kawangwang wae ku Nyi Manik, dina hiji mangsa dayeuh jadi sagara seuneu. Hurung nguntab-nguntab da didurukan ku musuh nu geus mimiti ngaranjah kota. Ku kituna, geus bisa dipastikeun, yen para pamuk Kutamaya geus pada perlaya di pangperangan. Sang Prabu geus kasambut. Wadiabala Kutamaya kadeseh, nu matak musuh terus arasup kajero dayeuh ... Memang kaharti nu matak Kutamaya kadeseh teh, da urang Silalawi curang perangna. Narajang tan karana nangtang. Merangan bari jeung ngabongohan, joljol der bae waktu nu ditarajang keur sarare tibra. Kawas ngahaja ngarah musuh teu bisa peta ...

Uyuhan cenah, ...uyuhan sakitu ge make masih keneh sempet pikeun mepek balad. Padahal wadiabala Silalawi geus mimiti narajang kuta benteng. Mangkaning wanci janari leutik pisan kajadianana teh. Uyuhan, ... pihak Kutamaya bet masih keneh ngambreg ka luar sarta saterusna tarung di tegal si awat-awat. Ngan orokaya ... urang Silalawi bener-bener licik perangna teh, sabot di medan campuh, dayeuh dibongohan ... Tah, ... taya nu engeuheun mimitina mah di mana Sang Prabu kasambutna. Naha di medan atawa masih keneh di jero kota nalika anjeunna bade langsung ngahulubalangan wadiabala?...

Teu pati engeuh Nyi Manik kana kajadian di pangperangan mah, iwal ki Darma nu bisa nerangkeun, da anjeunna mah memang ngiring tarung. Ki Darma pisan nu ngaping ratu basa dek majeng jurit oge da ari babanteng nagara mah, nyaeta Ki Jagabaya, geus aya di danalaga ... Ki Darma sorangan nu bisa nerangkeun di mana ratu Kutamaya kasambutna. Malah Ki Darma nu bisa nerangkeun, naha Ki Jagabaya nilar pangperangan sarta saterusna nyulusup ka karaton, nyandak ratu anom nu mangsa harita nembe yuswa lima taun. Dicandak ka mana boa, ... weleh teu kaemut ku parekan, da terang dugi ka lebah dinya oge, kabeneran sok rajeun wae didongengkeun ku Kai Darma. Dongeng-dongeng nu

tara pati didangu da anjeunna sok kaseuit-seuit.

Tapi kaayaan di karaton, ... basa wadiabala Kutamaya ngambreg tea ..., bubuhan nyaksian ku panon pribadi. Bubuhan anjeunna oge geus pasini pikeun ngiring lebuh tumangan da sangkana, panutanana oge – Ki Jagabaya – tangtu geus kasambut, bet ngadadak narembongan. Kabeh katingali. Kacipta wae jusjosna pawestri nu narewek diri ku patrem sabada nurih urat nadi dina pigeulang, terus ngararot darahna ku anjeun bari ikrar belapati ka panutan atawa ka caroge. Jos deui kana dada beulah kiwa, ... dibebener kana jajantung, ... kabeh ... kabeh para istri santana teh pada lalebuh tumangan. Ngan anjeunna nu henteu teh. Ngan Nyi Manik Mayangsari anu jadi jungjunan Jagabaya babanteng nagara Kutamaya alam harita.

Harita teh Nyi Manik aya pikeun merenahkeun layon Pawarang ti kaputren kana singhasana. Hoyong ngabuktikeun ka pihak musuh, yen urang Kutamaya teh kabeh ge tareuneung. Kabeh ariklas buang nyawa, dalah kaom istrina, ari Pawarang deuk dihaja layonna teh dicalikeun dina singhasana, di tempat panglinggihan ratu. Tapi kakara ge anjeunna rigidig manggul pawarang, goar teh ngadangu nu nangis di pajuaran. Teg wae manahna, nu nangis teh raja putra. Atuh cul layon Pawarang dina ranjang katil, berebet wae muru ka kaputran, tapi barang bus, nu diburu geus teu nyampak. ... Kakara kadieunakeun anjeunna terang, yen raja putra dicandakna ti kaputran teh ku panutan pisan, ku Jagabaya reh aya dawuh ramana anu jenenganana Kai Raksamanggala.

Parekan uleng nyoreang mangsa katukang, teu kaampeuh deui cisoca murubut, kakara engeuh kana kaayaan harita sanggeus digebes ku hulubalang.

„Manik!"...

Parekan ngarenjag. Bari nyusutan cisoca ku panangan dua nu ditatali, ret wae anjeunna ngareret ka nu nyaur,

„Kaula moal papanjangan deui," hulubalang neruskeun hanca tadi. „Da kaula geus cukup ku raratan, yen geuning enyaan andika teh ngijing sila bengkok sembah. Enyaan andika teh bet ati mungkir beungeut nyanghareup ka nu jadi raja. Nyembah ka

panutan bari nalipak. Ari di hareupeun siga nu heueuh kumawula, ari tukangeun ngasut malar balarea baruntak. Malar Sri Prabu tiguling tina karatuanana! ... Euleuh! ... bener wani pisan andika teh, jadi mun diantep wae mah, mun taya cukang lantaran dumeh kaperego pagalentor sono jeung beubeureuh di patamanan, kawasna kana enyaan bakal amrukna wangsa Silalawi di Kutamaya teh."

Nepi ka dinya hulubalang teh sasauranana, terus mayun ka ratu sarta pok unjukan,

„Gusti! ..... mugi awon teu kapiunjuk kaulanun! ... kaula gusti nyanggakeun pihatur ananging mugi gusti teu rengat galih upami naon-naon nu disanggemkeun teh bet sulaya sareng lelembutan dampal gusti."

„Prak carita Langkara!" saur ratu bari rumenghap.

„Sumangga ku dampal gusti galih, ...sumangga geura emut ... Upami kana urusan badag, ... nyaeta kana kaprabon pun parekan tos wantun hojah pikeun hianat! ... atuh naon sesahna hianat ti dampal gusti pribadi? ... Pun parekan teh yaktos jadi ulon-ulon numawi urang Kutamaya baruntak tur sesah pisan ditumpesna. Pun parekan horeng nu jadi pucuk ti girangna teh, rupina wae emutan kaula gusti mah kumawulana da dampal gusti teh ukur ngabeungeutan, ... mung ukur ngarah piandel! ... kalihna ti eta, sangkan parekan terang pisan kana kakiatan urang di dieu. Nya parekan deuih rupina mah anu marentah ka para karaman malar caricing heula, tapi tangtos dijangjian, yen dina hiji mangsa mah, .. di mana geus cunduk ka wuku datang ka wayah, ... maranehanana baris dihucuhkeun deui. Malah mo lepat deui, ... dina mangsa eta mah, pun parekan ngabalitungkeun sagalagalana malar usahana teh dugi ka kapetik hasilna kaala buahna, hartosna dampal gusti digulingkeun tina kalungguhan, wangsa Silalawi diusir ti Kutamaya ... Salajengna deui, ... dina hal ieu teh, ulah lali pamukna. Ulah lali babantengna nu sasat jadi guru sasat jadi panarosan balarea di Kutamaya, malah ku dampal gusti oge dipapancenan pikeun ngajar kasantikaan ka para bintara katut para prawira. Dampal gusti tangtos uninga, nu dimaksad ku kaula gusti teh nyaeta ieu jalmana, ... tah pun Darma!"

Sang Prabu ngarenghap deui, bade sapokpokeun sasauran, tapi kapiheulaan ku Pawarang,

„Gusti!" saurna bari cengkat sarta rarat-reret ka tilu pangagung anu tadi diteda kamandangna ku ratu, kitu deui ku Jaksa ge pawarang teh teu lali ningali ku jurusoca. „Sakalian wae, ... Pun Suwita, ... sesepuh agung dampal gusti, pun Tarma miwah pun Tisna oge kedah digalih sarta kedah jadi timbangan dina mangsana dampal gusti nibankeun putusan. Yen eta tilu pangagung rawuh pun jaksa teh, ... mo lepat deui bariluk ka para santana Kutamaya nu nyata-nyata bade ngagulingkeun dampal gusti tina kaprabon".

Sang Prabu ngadehem sababaraha kali. Ret ka Pawarang, teras ngimeutan raray para santana nu ditataan ku Pawarang. Ret deui ka Ki Darma nu harita teh kaayaanana bet teu bina ti Nyi Manik, bangun teu riuk-riuk malah geus bisa dipastikeun, yen ratu bakal nibankeun hukuman anu pohara abotna. Barang dugi ka lebah Nyi Manik, Sang Prabu merong bari ngeupeulkeun panangan. Geduk wae dibantingkeun kana panglinggihan, pok wae ngadawuh,

„Manik! ... rumasa ta henteu maneh geus nyoba-nyoba ngahucuhkeun para putra Kutamaya malar baruntak ka nagara?"

„Kaula gusti teu rumaos." waler parekan.

„Maneh ngangles, Manik?"

„Kaula gusti nyanggem satarabasna. Reh yaktos teu rumaos parantos kumawantun ngahucuhkeun kuring-kuring pikeun baha ka raja."

„Tapi nu sok remen dicaritakeun di imah Ki Darma, ... nahaon?"

„Mung ukur nyanggem ... dina hiji mangsa mah Kutamaya bakal mulang deui ka nu gaduhna."

„Sebut! ... saha nu bogana teh?"

„Para putra Kutamaya pituin, kaulanun."

„Tah geuning, .. maneh geus rumasa nyarita kitu, kaula ge ngarti, carita maneh kitu teh sarua wae jeung ngahucuhkeun maranehanana pikeun baha ka raja, pikeun nanduk ka ratu anu

temahna ... sakumna pangeusi nagri baruntak da tumut kana sagala parentah anu jolna tina sungut maneh."

Parekan teu lemek.

„Manik!" ... Sang Prabu beuki ngagidir wae. „Memang enya anu dicaritakeun ku hulubalang katut pawarang teh, ... lamun kana urusan nagara kana urusan kaprabon maneh geus wani ngahianat, ... sok komo teuing ka diri kami pribadi, ... meureun geus dianggap tunggul wae. Enya, Manik! Di hareupeun mah maneh teh siga nu temen-tinemen kumawula, ari tukangeun nyolowedor! Ari bongoh bet ngalambangsari jeung nu lian! ... Rumasa ta henteu?!"

„Nyanggakeun sewu bebendu laksa duduka, kaulanun. Kaula gusti teu pisan-pisan".

„Hmh!" ... Sang Prabu ngabalieur ngadangu parekan ngabantah teh. „Jalma saliwat mah tanwande bisa wae dibohongan ku maneh, Manik! Bisa wae ditipu bari dieret sakarep, ingsun! ... Tapi kaula?! ... Kaula Prabu Ragapati, ... terah samudra turunan ratu-ratu nu geus nalukeun sakumna bajag laut anu ngadegkeun karajaan di Silalawi! ... Kaula, Prabu Ragapati anu geus lima taun heubeulna ngasta dua karajaan, nyaeta Kutamaya jeung Silalawi ... moal bisa hantem wae dicoo gado ku hiji awewe pantar maneh! ... Kaula, Prabu Ragapati, ... moal salawasna ngantep saha wae anu hianat ka kaprabon, ka wangsa Silalawi nu geus lima taun heubeulna tumetep di Kutamaya. Najan kaula pribadi ngarti, yen saenyana mah kaula teu wasa pikeun ngandeuh di dieu. Ku kituna, ... kaula moal naragal ku jalan kasar yen andika geus serong lampah jeung si Jagabaya tea,... moal, papanjangan deui, da tangtu maneh hamo ngaku ... Ayeuna mah kaula geus wancina pikeun nibankeun putusan. Bongan nepi ka danget ieu teh kaula masih keneh jadi ratu di Kutamaya, bongan sagala usaha maneh tacan aya nu ngawujud"....

Jep heula Sang prabu sasauranana, ret ka hulubalang katut para ponggawa nu jaraga sakurilingeun salamanggung, haok wae nyauran,

„Langkara! ..., petakeun para tamtama! ... Cerek si Darma! ... si Ita! ... Tarma jeung Tisna deuih! ... Ulah poho si jaksa nu

nyata-nyata geus bariluk ka kaom karaman ... Borogod kabeh ayeuna keneh!"

Der wae para tamtama teh ngajalankeun timbalan ratu. Para santana nu ditataan ku Sang prabu geus nyarandang tatali, terus wae digalusuran ka lebah pangdeuheusan. Satutasna kakara alundur deui ka satempatna-satempatna.

„Langkara!" saur ratu deui. „Tilu pangagung wedalan Silalawi kaopat Kai Jaksa ..., bawa ayeuna keneh ka pangetokan. Engke, sabada sidang lekasan, ... potong beuheungna hareupeun balarea. Sirahna tancebkeun dina congo tumbak. Pancuhkeun dina jalan ngolecer nu kagiridig ku pirang-pirang jalma. Sina jadi tuladan pikeun balarea, ... wangsa Silalawi, Prabu Ragapati mah, ... dina nibankeun hukuman teh estu moal cueut ka nu hideung moal ponteng ka nu koneng. Moal pilih bulu pedah ka dulur, moal mandang pedah ka kadang. Tah buktina! ... para santana kadeuheus ratu ge, ari hianat mah hukumanana! ... Jung geura lampahkeun!"

Srog deui Ki Langkara maju, terus marentah ka bawahanana sangkan ngalaksanakeun timbalan ratu. Teu mangkuk sabaraha lilana para pangagung nu opat teh geus digalusur deui ti pangdeuheusan. Dibawa ka tanah lapang pikeun dihukum ketok. Adug adugan bari ampun-ampunan oge ka ratu, teu ieuh dipirosea. Ari Sang Prabu harita teh tos ngadawuh deui ka hulubalang:

„Langkara! ... Ieu mah Ki Darma, ... tong dihukum pati, ... tapi ..., potongan wae tah ... sukuna, tina tuur ka handap. Dalah dikumaha wae tanaga katut pangabisana kudu kaalap ku urang! Prak lampahkeun!"

Ki Langkara marentah deui bawahanana pikeun ngalaksanakeun timbalan ratu anu ka dua. Sarengsena buru-buru madep deui da ingetanana, geus tangtu bakal ditimbalan deui pikeun nibankeun hukuman ka sakitan utama, nya eta parekan. Barang geus aya deui di pangdeuheusan Sang Prabu ngadawuh deui,

„Perkara si Manik!, ... tetela aya dua dosana teh! Kahiji, ... manehna geus curaling ti salaki. Geus kumawani serong lampah ti panutan anu sakitu totomplokanana mikadeudeuh nepi ka

cul pawarang anu geus welasan taun kumawula ka kaula, ... Ka dua, ... manehna pisan nu jadi ulon-ulon numatak para santana Kutamaya baheula baruntak. Jeung manehna nu ngalantarankeun jadi ngaracona sesepuh-sesepuh agung terah Silalawi. Tapi, ... kaula mah ngan deuk nibankeun putusan perkarana anu aya patalina jeung diri kaula pribadi wae, hukuman lianna mah kuma kawijaksanaan hulubalang dumeh andika nu boga wewenang dina urusan peperangan. Tah Langkara! ... poe isuk, ... parekan kudu didengkleung, embarkeun ka balarea, sabab ngajalankeun hukuman nurutkeun tali paranti urang Kutamaya ti bihari, ... pedah manehna ngalambangsari, masrahkeun ragana sakujur ka nu lain hak. Pilih kuda nu pangregengna, aleutkeun rebuan jalma, keprik sina ngagiring-giring parekan ngurilingan dayeuh, tabeuhan saperti biasa ku bangsa kokorompong. Taranjangan bari suku katut leungeunna dibarogod. Talenggoran ku batu-batu seukeut! .. Sakitu putusan ti kaula mah. Lamun sabada didengkleung masih keneh aya dikieuna, kop kaula masrahkeun ka andika, Langkara. Bongan andika bangun nu hayang cocoh hayang puas. Sarupa wae kaula mah peupeujeuh teh, boh ka andika nu boga kakuatan, boh ka geureuha kaula, Nyai Pawarang, ... omat ulah deuk ngaharubiru anakna! ... Anak kaula! ... Nyai Ayu Sekarwangi anu kabeneran digelarkeunana ku Nyi Manik Mayangsari. Meureun nya ieu hiji-hijina nu bakal ngarasanan ka awaking dina hiji mangsa mah, ... lamun kaula geus enyaan teu pada miroseana jeung dimana sagala kakuatan kaula geus suda. Kawas enya hamo aya andelkeuneunana teh, taya arepkeuneun iwal ti si bungsu!"

Gancang pisan robahna manah Sang Prabu teh. Ngan sakedet netra, malah apan cikeneh pisan anjeunna ngedalkeun lisan-lisan sugal kawas nu enya-enya miceuceubna ka parekan, tapi masih keneh dina danget eta! Masih keneh perkara hukuman nu kedah ditibankeun ka parekan pisan anjeunna sasauranana teh, can kaselang ku jalma lian deuih, tapi kekecapan kadieunakeun bet aya sari-sari teu rido pikeun paturay jeung geureuha nu anom anu sakitu dipikadeudeuhna. Reup wae peureum anjeunna tipepereket, panangan meureup bari di geduk-gedukkeun kana

panglinggihan, salira ngaleleper, ari waos kekerot! Korejat wae gugah nyah beunta, ret ka lebah pangcalikan parekan. Gebeg wae da ku teu disangka yen harita teh Nyi Manik geus teu aya di lebah tepak dekuna. Serebet wae muru ka putra anu masih keneh diais ku pangasuhna. Gabrug dirontok sarta teu antaparah deui murangkalih nu keur ngagoplek teh direbut ti nu ngaisna. Teras ditangkeup bari digalentor. Berebet deui lumpat muru ka urut calikna parekan, reg ngarandeg! Rurat-reret ka ditu ka dieu, tapi di salamanggung geus taya sasaha iwal emban nu ngangais putra bungsuna tea. Emban nu kapaksa kudu ngaluarkeun cimata mireungeuh polah ratuna bet kawas nu kaganggu emutan dadak-dadakan.

Tatadi ge barang anjeunna beunta deui tea, socana teh bet jadi buringas mana rarayna mani geuneuk sareng ambekanana kenceng lain dikieuna. Ari nu lalinggih, teu ieuh kadangueun geus dibubarkeun ku pawarang katut Hulubalangna. Mayangsari tos digariring ka gedogan kuda da saur pawarang, mending poe eta keneh wae parekan teh didengkleungna. Tong diengkekeun deui da bisi Sang Prabu robah emutan dadak-dadakan.

Ret deui Sang Prabu ka emban nu harita keur ngajengjen wae nangtung bari cipanon rambisak.

„Maya!" saur Sang Prabu, „ka marana manusa teh?!"

„Kaulanun ratu sembaheun kuring sadaya", walon emban nu memang Maya ngaranna teh. Caritana teu kaburu kebat da kapegat manten ku ratu.

„Maya! ... meugeus ..., tong aya basa ratu sembaheun kuring sadaya! ... kami mah teu percaya meueus meueus acan! ... Ngan bisi enya ge maneh masih keneh nganggap ka kami, atuh ti mimiti danget ieu mah ngan kari maneh sorangan anu enyaan tuhu sumujudna ka kami teh. Euweuh jalma lianna deui. Kamari mah Maya! ... mangsa-mangsa ka tukang, ... masih aya welas urangna. Nu pangtuhuna, nu enyaan gumustina, ... tah dunungan maneh, ibuna putri bungsu! ... Tapi naha dunungan maneh bet dibarokong dicandakna ti dieu? ... Naha bet sabot kami teu engeuh kana naon? ... Caritakeun, Maya! ... Saha nu marentahna?"

„Mugi awon teu kapiunjuk kaulanun, ... sakaterang mah

rai dampal gusti anu nimbalanana teh, dideudeul ku Kai Hulubalang."

„Dibawa ka mana?!"

„Tadi oge, nalika dampal gusti nuju teu emut...,!"

„Naon? ... kami teu emut! ... Pamohalan Maya! ... Kami mah ukur peureum sakeudeung bari mikir. Naha make aya basa teu emut?!"

Ari waler si emban,

„Tangtos dampal gusti uninga, ... nalika tadi sasauran teh panonpoe nembe ge bade manceran, nanging sumangga ayeuna geura tingali ka palih Kulon! ... Apan parantos bade wanci sariak layung".

Ret Sang Prabu kana srangenge nu memang saenyana geus nutug pisan. Geus nyulusup na tonggong gunung. Jung wae anjeunna ngadeg, song murangkalih dipasihkeun deui ka nu ngasuh sarta dawuhna,

„Dipalanjara parekan teh?!" sasauranana ririh.

„Sakaterang mah, ... tadi oge anjeunna teh tos ..." ngan sakitu manehna unjukanana ka ratu teh. Atuh saur ratu deui bari sok wae murangkalih teh dipasrahkeun,

„Geus ditibanan maksud maneh teh?"

Maya teu nembalan, ukur unggeuk lalaunan bari cipanon tingcurulung.

„Maya!" ... Sang Prabu ngeluk kana palupuh salamanggung „Eudeuk ge kami nu kudu ngaluarkeun citangis kitu teh. Tapi kami geus teu wasa nanaon. Kami geus teu bisa walakaya. Kami teu ieuh engeuh enyaan basa tadi nibankeun putusan ka parekan katut para santana anu sakitu saratuhuna ka kami. Anu teu weleh sumujud, anu sok marasihan piwuruk pitutur satungtung kami ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara. Tapi ..., ah ..., teu wasa deuih nyaritakeunana ka maneh. Teu pantes. Jeung bakuna mah bisi bilik jeung tihang careulian, ... cilaka diri maneh Maya!, ... peupeuriheun diri kami atuh, biheung isuk biheung sore nemahan pati. Ayeuna, ... poe ieu! ... kami ngahukum pati sababaraha jalma, di antarana geureuha sorangan nu pohara dipikadeudeuhna. Boa isuk boa sore, ... kami meureun nu bakal di-

tibanan hukum pati! ... Tah, ... lamun sangkaan kami kajadian teh, ... taya deui percayaeun iwal ti diri maneh sorangan Maya! ... Mihape si Bungsu, Malah, ... mun kami nepi ka dimangsa beh dieu beh dieu teh, ... los bawa ku maneh. Mun bisa dibadamian, ... sakalian putra nu dua deui oge ajak indit. Kami melang ninggalkeunana. Angot ka si bungsu, ka dua anu panengah ... Ari ka nu cikal mah, ... teu ieuh melang kami teh, da aneh lain dikieuna, ... boh pawarang boh jalma-jalma nu teu raresepeun ka kami ..., bet bangun pohara nyaraaheunana. Sakitu kaula amanat. Laksanakeun lamun bisa mah!"

Nyi Emban nyegruk mirengkeun dawuh ratu kitu. Malah hatena sumeblak da karasana ku manehna, saban kecap nu dikedalkeun bet kawas enya sang Prabu ngedalkeun saur panungtungan. Tina sorot rarayna oge jol breh wae kabireungeuh, yen ratu teh bangun geus taya harepan deui pikeun lana kumelendang di pawenangan.

Peuting harita keneh nyi Emban meunang beja ti baturbaturna di patengahan, yen cenah Sang Prabu teu damang wales. Ngan gundam jeung sasar wae ti barang lebet ka pajuaran teh. Isukna meunang deui beja, ... Sang Prabu teu medal-medal ti pajuaranana, ari heg manehna pangangguran amitan ka nu jaraga di puri pikeun ngadeuheus, bet teu meunang asup-asup acan ka patengahan, da ceuk nu jaga, Sang Prabu teu meunang aya nu ngaganggu. Isukna deui nerekab beja ti sakuliah nagara, unggal jalma nyaho, kolot budak di jauhna di deukeutna taya nu teu nyarita, yen cenah Sang Prabu kaganggu emutanana. Siang wengi ti satutasna riungan di salamanggung bet langlang-lingling sarta ngocomang wae. Tapi Nyi Maya pangangguran ngintip-ngintip ti luareun pajuaran ratu, ... teu teusingna aya nu ngocomang, nu puguh mah pajuaran teh dijaga ti unggal lawang. Saurang ge taya nu diwidian ngadeuheus ka ratu lamun seug taya widi ti pawarang atawa Ki Langkara.

Somahan tingkarecewis ngarupat ratu, aya nu nyarita, Moal teu kitu cenah, moal teu jadi owah ratu teh da doraka ti geureuha nu teu tuah teu dosa. Tapi keun wae cenah, ... da apan geus aya cadangan pigentoseunana, geus aya sekar kaputren anu baris

ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara, tur putra-ratu terah Kutamaya ti ibu.... Tapi sawareh aya oge nu boga anggapan, ... ratu teh teu owah teu sing, tapi dipalanjara ku pokalna hulubalang katut pawarang. Da apan nya anjeunna duaan anu pohara ngadongsokna sangkan parekan ditibanan hukuman nu memang ilahar ditibankeun ka jalma nu serong lampah ti panutan. Hukuman pikeun sing saha anu geus kumawani ngalambangsari!, ...

IV.

SANG PRABU TEH MEMANG GEUS TEU IASA MEDAL pisan ti pajuaran. Tuang-leueutna, ngebak bubuangna ge tos di dinya wae, kuma ceuk nu ngurus. Nu tiasa ngadeuheus teh iwal Sekarwangi katut sababaraha urang pangeusi puri wae, anu meunang papancen ti pawarang katut Ki Langkara. Da malah cacakan anjeunna geus teu iasa rujingkang-rumingkang acan teh, tapi teu wudu gerak-gerikna mah masih keneh keukeuh pohara ditalingakeunana.

Emban-emban nu ngahaturanan tuangeun leueuteunana, tara meunang lawas-lawas aya di kajuaran. Kudu sok leos teh lain bobohongan. Mung sareng Sekarwangi wungkul Sang Prabu kengingna sagulung-sagalang teh, tapi nya kitu deuih, ukur kawidian dina waktu sapanglemaran. Asal wae anjeunna tos ngagalentoran nyi putri, malah can cacap-cacap acan sosona, geus torojol deui pawarang atawa Ki Langkara anu maksudna nyandak Sekarwangi.

Sang Prabu tos tara ngabantah murangkalih dicandak teh, estu pasrah tumamprak da anjeunna uninga yen kaayaan harita teh tos teu bina ti hiji boyongan nu keur nganti-nganti putusan pangadilan pikeun ditibanan hukum pati. Putusan pangadilan nu tara disidangkeun heula da dina seuhseuhanana teh estu kuma Mangkubumi wae. Kari kuma saur Pawarang katut kapetenganana.

Ki Langkara teh geus dijungjung-lungguh jadi Mangkubumi ku wawasan Pawarang. Alesanana mah reh nu jadi ratu kaganggu emutan, ari pigentosaneunana jauh tangeh keneh kana dawuhna dijenengkeun. Masih keneh burey, da apan saur ratu ge kapungkur, Sekarwangi teh kakara baris dijenengkeun ratuna mun anjeunna geus sawawa sarta mun geus nepi kana mangsana cumarita. Tah, Ki Langkara atawa hulubalang teh, ukur nyuluran

Sekarwangi wae cenah nu matak disebutna Mangkubumi.

Sakumna pangeusi nagri teu rea ucap ku dijungjunglungguhna hulubalang jadi mangkubumi teh. Jarempling bari sareuri maur. Tapi kaayaan di Kutamaya tiis-tiis jahe. Malah teu beda ti durukan huut, ari di luar tiis di jero mah ngagedur. Lamun seug aya pamanggulna mah, geus der enyaan urang Kutamaya baruntak Tapi kojojo-kokojo nu baris mingpin maranehanana teh sasat geus teu aya saurang-urang acan Parekan puguh geus teu aya dikieuna, Puput umur nalika anjeunna dihukum dengkleung bari ditalenggoran ku ratusan jalma ngariringkeun parekan basa ditunggangkeun dina tonggong kuda bikang regeng. Mangkaning apan parekan teh bari ditaranjangan pisan diancleung-ancleungna dina tonggong kuda bikangna teh, sampean katut panangan nyandang tatali Nu ngariring sarurak ayeuh-ayeuhan bari ngarancunan rantong nu narakolan kaleng-kaleng bubututan, tingbelewer batu taya towongna, bak-buk nibanan salira parekan. Atuh sakujur salirana teh mani rakacak, garudawang tur baloboran getih nepi ka tutungna mah mani teu mangrupa pisan. Memeh wanci sareupna parekan geus mulih ka jati mulang ka wiwitan.

Pangeusi nagri mah harita teh narumpi wae, taya ieuh nu daekeun pangangguran lalajo najan aya embaran kitu-kieu ge ti urang nagara. Angot basa aya beja yen Kai Darma ditibanan hukuman diteukteuk sampean tina seret tuur ka handap mah unggal hulu mani ngagarugudug amarahna, awahing ku panas jeung awahing ku asa dikaniaya, da puguh Kai Darma teh sasat hiji-hijina sesepuh nu geus tibaheula mula jadi pananyaan balarea. Kum ti golongan pangagung nepi ka somahanana. Tapi arambekna teh kabeh ge taya nu betus, dikemu saserek angen wae da maranehanana nyaho, ngalawan oge asa teu beda lir bonteng ngalawan kadu, mencek nyodorkeun hulu ka maung. Sarua wae jeung sosoroh kojor. Babakuna mah ku sabab taya kojojo tea.

Aya hiji-hijieun santana tutunggul Kutamaya baheula, tapi barang meunang beja yen nu karawasa di nagara keur ngajagalan panggung nu cenah lantaran baroga lampah demit pikeun ngagulingkeun wangsa Silalawi, atuh nu ngan kari hiji-hijieun teh parurat-perot ngarusap birit bari indit. Gagancangan aringkah

nyingkahan pibahlaeun. Sawareh marubus ka leuweung ka reuma anu arang langka kagiridig ku urang dayeuh sawareh bubuara di nagara sejen. Betah teu betah oge kapaksa ngawula ka wayahna, ngarancik di nagara deungeun batan tumetep di lemah cai pribadi nu sakitu hara-haraeunana. Saincak incak ngan pibalaieun wae da ajal narembongan ti saban liang, rajapati tingarintip di suklakna di siklukna.

Da cacak ka jelema-jelema nu aya kasebutna di kadaton geus sakitu sangeunahna wae nibankeun hukum pati, sok angot kanu taya hartina pisan. Meureun ngan kari kerewek kek kerewek kek wae, moal ditanya moal dipariksa deui. Kitu anggapan balarea harita.

Para ponggawa nagara, rasa maneh geus taya lawan nu baris ngaharubiru kana tindakanana, atuh beuki dieu teh beuki sangeu-nahna wae meres balarea. Pajeg cuke dipungutan mani taya wates wangenna. Ana araya kahayang estu sakawenang-wenang sakarep ingsun. Eutik-eutik hiras, keudeungkeudeung timbalan nagara, balarea teu bisa menge pisan Suka teu suka kapaksa kudu ngagugu da magak atawa mungpang mah sarua jeung menta dipeuncit. Malah kakara tatanya keur naon-naonna pang nagara loba pamenta ka somahan, nu ngaremban timbalan ti karaton geus kerewek newak bari pokna, nu tatanya wae teh nya eta manusa-manusa anu teu rido ngadeudeul ku rajakaya pikeun karaharjaan nagara. Tangtu jalma-jalma nu tadina sailon jeung santana-santana anu geus ditibanan hukum pati.

Kitu cenah ceuk nu ngajaralankeun papancen nagara teh. Atuh geus tara aya ampun deui, nu dianggap sailon jeung nu baraha oge ngan sarupa wae ditibanan hukumanana teh, nya eta gantung, teukteuk beuheung, picis atawa dirajam

Nepi ka kituna Kutamaya ti barang ditilar ku parekan ka deuheus ratu teh. Para santana beak rembesing narpati ledis, balarea bangkareak. Ari balukarna, nu tadina mah apan ngan ukur hiji hijieun ti golongan nu araya kasebutna bae nu lalunta nilar padumukan teh, tapi sanggeus beuki meuweuh lampah nircana para ponggawa nagara mah nu laleutik oge roa nu birat da geus wegah maneuh di bali geusanna ngajadi. Ku kituna, temahna teh

huma serang rea nu jadi tegal amba, ngabadeg ku eurih jeung tutuwuhan jarah kayaning ki cucua garut jeung alimusa, saradan jeung kaliage. Pakebonan jadi leuweung. Pasisian tepis wiring rehe combrek taya pangeusina. Sarta najan nu aringkah hamo aya saparona oge, tapi kajadian kitu teh pohara karasana ku unggal hulu nu maksakeun maneh tarumetep di Kutamaya. Boh ku pribumina boh ku semah ti Silalawi. Tapi keukeuh teu euih-euih Ki Semah teh, keukeuh wae ngarakaya ka terahing Kutamaya. Malah beuki angot nandasanana da meureun anu tadina maranehnanana bisa ngala pirang-pirang ti sagemblengna urang dinya, ayeuna jumlah ngurangan ari kabutuh mapan teu suda-suda, jadi kapaksa ti nu araya wae kudu leuwih rosa deui nyerotna. Dina teu kacum ponanana, kapaksa dipungut kabeh, anu boga dicageranan mahi teu mahi kuma ceuk dibagianana. Temahna deui, kadieunakeun mah balarea teh dikeprik disina ngagarap tanah-tanah ngoblog nu ditalilar kunu bogana tea. Kituna leuheung upama disiwer bari ngagarap pakayana sorangan onaman da ieu mah mudu cul bogana pribadi, gap kana garapan anu dipancenkeun ku nu aragung. Pakayana pribadi mah kakara bisa dipigawe mun nu diancokeun pikeun nagara geus rengse atawa sakasampeurna wae.

Aturan kitu teh kabeh ge beunang Mangkubumi. Jeung ditilik ti pihak Silalawi mah memang enya perluna teh kapaksa deuih kudu ngagunakeun tanaga balarea terah Kutamaya pituin da puguh terah Silalawi mah kabehanana oge golongan tamtama wungkul Para tamtama urut bajag-bajag jeung karaman nu tadina ditalukkeun ku luluhurna Prabu Ragapati nepi ka ngahariji tea. Taya saurang-urang acan di antara maranehanana anu geus biasa tatanen da hirup ku jalan ngarinah banda nu lian geus jadi kulit jadi daging. Geus maneuh di galeuhna alam ti beh dituna mula. Atuh dina sudana nu marakayakeun tanah lantaran maranehanana mah teu biasa tea, jeung deui taya nu daekeun bobolokot kesang ngagarap huma serang katut kebon palawija, nya wae dina seuhseuhanana teh dibeuratkeun ka urang Kutamaya nu teu aringkah ka mamana tea. Urang Kutamaya nu masih keneh aya rebuna, somahan nu teu barogaeun erongan pikeun nyiar pakasaban di pangumbaraan. Nu teu barisa balantik dagang, sarta najan di pangumbaraan oge

maranehanana bisa wae ngolah deui tanah tapi waregaheun da puguh ngolah tanah teh kudu ngabedah leuweung reumana heula. Kudu mimiti deui tina puhu anu memang bangga lain dikieuna. Ari di lemah caina pribadi.. . sagalana geus nyampak titilar para luluhur, asal daek ngawula ka wayahna wae, bari peureus peurih ati enggoning ngawula ka nu lian



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustak
Jenderal
8

